

# Ennery

## Transkripsyon Fokus Gwoup Ennery

### **Patisipan**

#1. Belhomme Manette; Fi; 39 ane; 5 Timoun; Machann, Kiltivate; 2 ane nan Selil Okenn;

#2. Aceus Junette; Fi; 55 ane; 7 Timoun; Fanm saj, Kiltivate; 2 ane nan Selil; Okenn;

#3. Joseph Jocelyn; Gason; 45 ane; 6 Timoun; Machann, Biznisman; 2 ane nan Selil; Matènel;

#4. Estimable Emmanuel; Gason; 48 ane; 7 Timoun; Kiltivate; 3 ane nan Selil; 9yèm ane;

#5. Casseus Ordine; Gason; 37 ane; 5 Timoun; Mason, Atis; 2 ane nan Selil; 9yèm ane;

#6. Chevet Belhomme; Gason; 36 ane; 5 ane; Kizinye; 3 ane nan Selil; 3yèm ane;

#8. Dolcius Dolce; Gason; 60 ane; 3 Timoun; Femye; Okenn; Okenn;

#9. Zefi Dadou; Fanm; 29 ane; 4 Timoun; Machann; 3 ane nan Selil; Okenn;

#10. Jean Matilia; Fanm; 45 ane; 6 Timoun; Machann; 2 ane nan Selil; Okenn;

#11. Darival Elusma; Gason; 41 ane; 2 Timoun; Pwofese; 3 ane nan Selil; Reto;

#12. Gabriel Mexil; Gason; 40 ane; 1 Timoun; Mason; 3 ane nan Selil; 8yèm;

#13. Belhomme Manus Gason; 36 ane; 4 Timoun; Chapant; 2 ane nan Selil; 6yèm ane;

#14. St. Jn Raymond; Gason; 41 ane; 2 Timoun; Kiltivate, Atis; 3 ane nan Selil; 9yèm ane;

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39 ane; 5 Timoun; Koutirye; 3 ane nan Selil; 8yèm ane;

#16. Belhomme Dieuphène; Gason; 44ane; 4Timoun; Mason, Grefye; 3ane nan Selil; 8yem ane;

#17. Egzilia Valeris; Fanm; 48ane; 5Timoun; Okenn; Okenn;

#18. Philistin Noncilia; Fanm; 53ane; Okenn; Machann, Kiltivate; 3ane nan Selil; Okenn;

#19. Zephir Olivier; Gason; 41ane; Okenn; Machann; 3ane nan Selil; 8yem ane;

#20. Jean Mousline; Fanm; 20ane; 2Timoun; Machann; 3ane nan Selil; 8yem ane;

*Bonswa tout moun. Nou kontan avek ou jodi a pou nou fe yon prezantasyon sou etid nou te fe nan ane 2013 sou pwodiksyon mango. Pwogram mango a li gen plizye reprezantan ou pesonaj ladann. Nap prezante ladan yo de (2) ke nou tout ka konnen. Se BELRIVE ak CLINTON. Yo la pou fe pwogram nan avanse. Se gras ak yo tou ki pemet pwogram sa ekzekite sou teren an. Pwogram sa rive posib gras ak kelke oganizasyon e kelke konpayi, ki deside mete kob yo ansanm pou avansman pwogram sa. Pami yo nou gen Coca Cola, BID, USAID, ak Teknosev ke nou konnen deja. An 2013 nou te fe yon etid sou pwogram mango a. Jodi a nou pote rapo sa nou te jwen bay ou. Paske se akòz de patisipasyon kelke nan nou. Ak anpil lot pwodikte mango nan plizye lot zonn kite fe etid sa te yon sikse. Gen bagay nou pral prezante la nou ka we petet ke yo pa reflete reyalyte ou menm bo isit la. Pa inkyete'w paske kom mwen diw sa deja, etid sa te fet nan plizye zonn diferan pa exanp Gwomon, Mayisab, Tomond, Mibalè ak Eneri. Sa nou pral prezante ak ou yo li ka posib ke nou rive yon kote ke nou bay yon enfòmasyon. Epi ou te vle ajoute kek bagay oswa ou ta vle aksantye sou li. Selman leve chif ki nan men ou a epi nap bay lapawol.*

***Pwogram mango se yon bagay nou konnen deja, objektif pwogram nan se:***

1. *Montre kijan nou ka fe prodikite pwodwi plis mango.*
2. *Pwodwi de meye kalite de mango. Sa vle di nan fason nap pwodwi mango si yon pwodikte te gen 3 pye mango kite konn ba li 2, ou 3 douzen mango. Pwogram sa la pou'l pemet ke ak menm 3 pye mango sa, li rive pwodwi 4 ak 8 douzen mango.*
3. *Lot objektif la se pemet pwodikte yo pwodui meye kalite mango. Pwodikite yo vin genyen pwop teknik kijan pou plante, trete, keyi, pou li ka fe plis kob.*
4. *Lot objektif program sa vize se montre kijan pwodikte kapab transpote mango yo de fason pi konfotab.*
5. *Lot aksyon pwogram sa fe pou pwodikte yo se pemet yo jwenn kredi. Sa vle di pemet ou jwenn yon ti lajan pou mennen lot aktive apa de mango. Ki donk, prodikite ki swiv pwogram sa li pemet yo retrase tout sa yo te fe pandan ane yo gen nan zafe mango a. Sa ki pemet yo fe fich, yo note tout antre soti ou fe. Ki donk, pwogram sa fe pwodikte a konsidere zafe mango a tankou yon biznis.*

*Pwogram nan te oganize pwodikte yo an Selil. Pwogram sa pemet moun ki nan Selil yo transpote mango yo a direkteman nan izin ki pral ekspote mango a.*

*Objektif etid sa n'ap fe yo se evalye sitiyan pwodikte mango yo. Tankou sa nou te fe an 2013. Gade si pwodikte yo ap fe plis kob tout bon, epi cheche konnen si pwoje sa ta refet anko kisa ki ta dwe fet pou li ka mache pi byen ke jan li te ye a.*

### ***Kiyès nou ye ?***

*Nou se yon ekip ki fe rechek ki rele Socio Dig. Se nou menm Teknosev te chaje pou nou te fe etid sa, nou te la en 2012 epi nou te la en 2013. Jodia nou ap travay pou Teknosev, men nou travay avek tout moun. Si kom pwodikte nou ta gen yon sijè nan pwodiksyon mango a nou pa konpran nou menm nou ka travay pou ou tou. Nan ekip la pou jodia nou gen avek nou Mesye Tim ki se chef ekip la, mwen se Pharel, Almathe, epi Egain. Nou gen avek nou Isaac ke nou tout la konnen deja.*

### ***Ki kote etid sa te fet ?***

*Etid sa te fet nan Plato Sentral ak Atibonit, nan plizye komin tankou Gromon, Tomond, Veret, Maisade, Enri, Mibale, Tirivye. Nou te pale ak 691 moun nan 691. Nan moun sa 422 se mou ki nan Selil ak 269 moun ki pat nan Selil.*

***Kisa nou te jwen nan menm moun sa yo.***

- *90% nan moun sa yo gen mango fransik.*
- *70% moun gen mango blan.*
- *52% moun gen mango fil.*
- *48% moun gen mango kon.*
- *26% moun gen mango kodok.*
- *4% moun gen mango carot.*
- *1% gen mango lot yo.*

*Pou nou konprann metod pousantaj la, le wap pale de pousantaj wap pale de 100. Pa egzanp si nou gen yon popilasyon de 100 moun nou seleksyone 10 nan moun yo, 10 la se 10% nan popilasyon an sou 100 an. Si nou pran 20 se 20% nan popilasyon an sou 100 an.*

***Nou te gen yon kategori de 3 kalite group moun.***

1. *Moun ki pa nan Selil ki pa vann mango nan Selil nan ane 2013 sou 100 gen 85% gen mango fransik.*
2. *Moun ki nan Selil ki pa vann mango nan Selil en 2013 sou 100 gen 93% ki gen mango fransik.*
3. *Moun ki nan Selil ki vann mango nan Selil EN 2013 97% la dan yo ki gen mango fransik.*

***Chanjman kob pwodikte yo jwen nan zafe mango a akoz de pwogram nan.***

1. *Gen 8,000 moun ki se moun ki pa nan Selil ki jwen yon ogmantasyon de 25% nan vann mango akos en 2013.*

2. Gen 6,000 moun ki nan Selil men ki pat vann ak Selil nan 2013 ki jwen yon ogmantasyon de 50%.
3. Gen 2,000 moun ki se moun ki nan Selil epi te vann ak Selil nan 2013 ki jwen yon ogmantasyon ki depase 100%.

Nou konstate gen yon gwo avantaj pou moun ki nan Selil ki vann mango ak Selil. Paskè malgre yo mwens men yo gen yon avantaj ki se yon gwo ogmantasyon pou yo.

**Prezantasyon kountinye pale sou mwayen pye mango prodikite genyen nan ane 2013 la.**

Pwodikite ki pa nan Selil gen an mwayen 4 pye mango. Pwodikite ki nan Selil men ki pat vann ak selil gen an mwayen 5 pye mango. Pwodikite ki nan Selil epi vann ak Selil gen an mwayen 7 pye mango.

Koman nou fe pou nou jwenn mwayen? Pou jwenn mwayen, si pa egzantp nou pran 10 pwodikite mango epi nou mande chak nan yo konbyen pye mango yo chak genyen. Nou pran kantite pye mango chak genyen nou adisyone'l epi nou divize'l pa 10. Chif nou jwen nan ap ban nou an mwayen konbyen pye mango chak pwodikite genyen.

**Prezantasyon kontinye pale sou kantite ti pye mango chak kategori pwodikite plante nan ane 2013 la.**

Pwodikite ki pa nan Selil gen 85% nan yo ki plante ti pye mango. Pwodikite ki nan Selil men ki pa vann ak Selil 79% plante ti pye mango. Pwodikite ki nan Selil epi vann ak Selil 84% plante ti pye mango.

**Kisa nou remake?**

#1. Belhomme Manette; Fi; 39 ane; 5 Timoun; Machann, Kiltivate: 2 ane nan Selil Okenn ; Wi. Ou gendwa, non pa'm se Manette, manb Selil Leve Kanpe. Ou gendwa [1] plante plis mango, ou pa pran swen yo menm jan avek moun ki ap fe plis kob yo. Moun ki plante, ki gen mwens mango a ou netwaye'l pi byen. Ou pran swen mango a pi byen pase yon moun ki gen plis mango. Moun nan gen, moun nan gendwa gen 100 pye mango oumenm ou gen 10 le ou fe ou fe plis kob pase'l.

**Mesi Pa gen yon lot moun ki vle ajoute on bagay ?**

(Silans)

(Bri bagay ki ap frape.)

#16. Belhomme Dieuphene ; Gason ; 44ane ; 4Timoun; Mason, Grefye; 3ane nan Selil ; Syem ane : [2] *Mwen se Belhomme Dieuphene- eee sak fe nou ka di moun ki, ki eee ki gen, ki gen, moun 85 yo, yo, yo gendwa gen anpil mango Anpil pye mango men yo pa eee tire, tire, tire ee pwofite ladan. Sa vle di yo, yo, yo pa al vann yon eee yo pa vann i[3] menm jan a moun 84 la Eee moun ki gen 84 la. Pase[4] moun ki gen 84 la i konn ki garanti (yon moun touse tou ba). Akoz de fomasyon i resevwa, ki garanti ii pray[5] jwenn ladan. Se sa'k fe i met te gen eee 6 pye, 6 pye, pa'y la l'ap toujou trete'y byen de kwa paske'l konnen ki garanti i pra'y jwenn ladan'y. Men moun, moun, moun sa eee li pa, se, se deyo l'ap vann li. Bon ee yo gendwa monte mango a, yo souke'y ate. i vann ni konsa. Sa vle di i pa, i pa, i pa we, i pa we ki baay[6] direk l'ap jwenn ladan'y. Paske li pa, i pa koupe'y men moun ki koupe yo a, (vwa moun ki ap pale) moun ki koupe yo a se yo menm ki. Eeee moun sa yo y'ap plis eee bay mango a plis vale Pase moun ki pa koupe yo a.*

**Dako. Ok m'konprann entevansyonw lan. Men m'vle nou komprann li. Men pa nan sans pye mango tankou mango ki ap donner. E ke moun nan pwogram yo ap okipe pa yo byen ap fe plis kob. Moun ki nan pwogram pa pran swen yo, yo fe mwens kob. N'ap pran li nan yon sans de plante menm. Poukisa moun ki deyo yo plante anpil mango konsa epi moun ki anndan yo plante mwens ?**

#16. Belhomme Dieuphene ; Gason ; 44ane ; 4Timoun ; Mason, Grefye; 3ane nan Selil ; Syem ane; *Ok ok.*

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; Syem ane ; *Mwen se Fils Aime Madam Marikam. Sa mwen twouve parapo a moun k'[7]ap plante, ki genyen 85 yo. Mwen menm m'pral di se paske le yo genyen yon kantite, yo konnen yo pral fe plis lajan yo pwofite plante. Men avantaj nou jwenn ak Teknosev menm le'n ta plante 100 pye mango fok nou gen yon dèlè. Dabo Teknosev ba nou fomasyon pou nou plante yo. E sesi pou nou reyisi yo nomal. Men yo menm le yo plante'l, yo plante'l pedagogik, yo plante'l kote yo jwenn. (Vwa moun ki ri epi ki pale)*

*Epi yo panse yo pral fe plis pwogre e nou menm, menm le nou ta plante 50 oubyen nou ta plante 20 se ta pwofi zon nou oubyen pwofi nou menm espesyal.*

(Silans)

***An nou kontinye prezantasyon an nap retounen sou koze sa apre.***

*Avan pwogram, nan ane 2010 yon douzen mango se 20 grenn mango. Nan ane 2013 douzen vinn 16 grenn, kounye a nan 2015 yon douzen mango se 14 grenn mango li ye.*

- *Pou moun ki pa nan Selil nan 2010 yo te konn vann douzen mango 14 goud. An 2013 douzen nan vinn 16 goud. Epi kounye a, an 2015 douzen monte a 20 goud. Gen yon pousantaj de 43% ogmantasyon nan kob yo te konn fe a.*
- *Pou moun ki nan Selil men ki pa vann direkteman ak Selil soti nan 14 goud nan 2010. 20 goud an 2013. Epi rive a 28 goud kouye a nan 2015 pou yon douzen. Gen yon pousantaj de 100% ogmantasyon nan kob yo te konn fe a.*
- *Pou moun ki nan Selil epi ki vann avek Selil an 2010 douzen se te 14 goud. An 2013 douzen nan te 28 goud. Kounye a an 2015 douzen nan vann 42 goud. Gen yon pousantaj de 200% ogmantasyon nan kob yo te konn fe a.*

*Patisipan: Jistan nou kapab di w nou fe yon chante sou sa*

***An nou fe chante sou sa ? ebyen Chante pou nou.***

(Piblik la ri.)

*Yon patisipan di : eee li di, li di.*

*Teknosev ou gou anpil vre*

*Ou fe mango gen plis vale nan zon nan*

*Teknosev ou gou anpil vre.*

*Ou fe mango gen plis vale nan zon nan*

*Voltije yo te konn pranl 18-20 (bis).*

*Ak douzen 14 nou fe plis lajan.*

Menm patisipan an di : *enh, nou we ?*

(Patisipan ak Prezantate ap ri, bat bravo)

### **Eske se Teknosev ki ap achte yo oubyen BID?**

Plizye patisipan reponn: *Non, non.*

#16.Belhomme Dieuphene ; Gason ; 44ane ; 4Timoun ; Mason,Grefye; 3ane nan Selil ; 8yem ane; *Non epamen li montre nou chemen an pou'n al vann li*

Plizye patisipan di: *Wi*

### **Eske Perry tap ba ou a 14 si pat gen Teknosev?**

#16.Belhomme Dieuphene ; Gason ; 44ane ; 4Timoun ; Mason,Grefye; 3ane nan Selil ; 8yem ane; *Non, non i pa eee, se akoz Teknosev ki, ki fe nou jwenn chemen an. Eee ki fe nou mennen ay[9] kay Perry. Ki fe nou vann ni nan, nan eee*

### **Men kisa ou panse kap pase si Teknosev ale ?**

Yon patisipant : *Ohhh li pap bon pou nou.*

#16 kontinye : *Bon i pap bon pou nou, i pap bon pase li pap eee, nou bezwen'l toujou paske li ka eee ouvè lot pot toujou, pou nou.*

### **Eske'w panse afe 14 grenn mango pa douzen ap rete menm jan ?**

#16.Belhomme Dieuphene ; Gason ; 44ane ; 4Timoun ; Mason,Grefye; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Non non n'ap tann li pi ba, n'ap tann li pi ba.*

(Plizye vwa di non li pap rete, li ka desann)



(Silans)

Prezantate a kontinye : *Donk nou rann nou kont ke se pa moun ki vann ak izin yo ki fe pwofi sa yo, se moun ki pa nan Selil yo.*

Yon patisipant di: *Voltije.*

#16. Belhomme Dieuphene ; Gason ; 44ane ; 4Timoun ; Mason, Grefye; 3ane nan Selil ; 8yem ane; *Eskizem si'm koupe'w.*

### **Ou la pou'w koupem menm.**

(Piblik : Riii epi ti pale pandan yon ti tan)

#16. Belhomme Dieuphene ; Gason ; 44ane ; 4Timoun; Mason, Grefye; 3nan Selil ; 8yem ane ; *Nou vin gate bagay la akoz eee Selil yo vin a, vin ap achte'l 28 goud kounya ni voltije a tou eee le'l we'l pap k jwenn moun pou'y ta, ki pou ta fe'y vann ii. i si, si si l'ap achte'y pi ba, loblize achtey 28 goud menm jan a tout moun.*

### **L'oblize monte tou.**

*Patisipan kontinye : L'oblize monte tou. Sa vle di tout moun (vwa yon patisipant ki ap pale) tout moun vin menm bahay. Men kounya ane sa nou oblize monte pri sa la anko. eee m'kwe ee se te 30 goud li te monte ane a. Sa vle di pou demontre'w koman eee n'ap fe mango a monte plis.*

**Sa se ka moun ki vann direkteman ak izin yo. Avan, le pat gen pwogram nan tout moun te a menm nivo. Men gras a pwogram nan an 2010 yo te nan 14 goud. Kounya yo nan 42 goud. Se gras a metod mwayen nou tap eksplike a ki montre ke an mwayen nenpopt pwodikte ki respekte tout nom tout prensip yo ka rive fe 42 goud pou yon douzen mango. Ki bal yon ogmantasyon jiska 200%.**

(Yon patisipant di n'ap priye pou sa)

**Se pa priye nap priye pou sa non sa gentan fet deja**

Patisipan: *Riii*

## **MEN KOMAN MACHE MANGO A YE.**

*Avan proje mango a men koman mache mango a te ye pou pwodikte yo. Mango a te ka soti nan jaden pwodikte a. Li menm te ka pote mango a al vann nan mache lokal yo oswa li te ka vann mango ak Madan Sara. Epi Madan Sara te ka pote li nan mache lokal yo. Yon lot opsyon pwodikte a te genyen se ke li te ka vann ak Voltije. Voltije te ka vin pran mango a nan jaden pwodikte a epi li bay li ak Founise lokal. Founise lokal menm bay li ak gwo Founise nan Potoprens. Gwo Founise yo fe mango a rive kay Ekspotate ki pral mete mango sa sou bato epi fe'l rive nan peyi etranje.*

*Men avek Selil la pwodikte yo vin jwenn yon gwo avantaj. Yo ka toujou vann mango a nan mache lokal, oswa vann li ak Madan Sara. Gwo chajman an se ke pwodikte yo. Kounye a k'ap vann mango ak Selil la. Selil petet ka vann ak Madan Sara. Men pi bel avantaj pou pwodikte yo se avek Selil la. Mango yo ale direktman nan izin. Nou we lontan konbyen wout mango a te fe pou li jwenn Ekspotate a? Tout gwoup moun ki te nan domen nan te oblije jwenn benefis pa yo. Akoz de proje Selil la mango a pa pase nan men tout gwoup moun sa yo anko. Li ale direktman nan izin epi sa rann pwodikte yo fe plis kob nan pwodiksyon mango a.*

## **Eske san Selil nou pa t'ap ka rive nan izin?**

(Kout silans)

*#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane, 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; Yon sans m'ta di petet wi petet non. Men sa m'ka di si Teknosev ta vire li ale gras a Teknosev n'ap kapab ale nan izin. Poukisa ? Teknosev ban nou yon setifika, liiii montre nouuuu chita pou nou fome nou, epi[10] pou nou antre nan izin. Dabo li transmet nou yon mache pou nou pote tet nou ale. Se gras a Teknosev. E anplis Teknosev montre nou fe jesyon biznis nou, ki permet[11] nou ap kapab ale. Men san sa nou pat ap ka ale direktman nan izin avek papye nou, nou pat ap kapab. Nou tap ka fljan'w we voltije a fe a. Pote'l bay founise a. Epi pote'l bay gwo gwo papa founise a pou'l te pote'l ale. Men gras a Teknosev ki montre nou koman n'ka chita epi li montre nou fome selul[12] gendwa si Teknosev ale petet nou ka pa jwenn sa yo rele ristoun. Men sa nou konnen nou ka jwenn se ajisteman.*

## **Si kay Perry ta femen ?**

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Si kay Perry ta femen, se konsa Teknosev te fome nou. Si'n gen mango a li anndan kay la, nou pa jwenn pot la pou'n pase n'ap pete mi an. Si nou pa ka pete mi an n'ap pase nan fetay la konsa n'ap ka soti.*

Yon patisipan ri epi di : *Akoz de fomasyon nou te resewa.*

### **Sa vle di avan Teknosev pat janm gen pwodikte ki te konn al vann mango nan izin Potoprens yo ?**

Plizye moun ap aple ansanm di : *Non, non yo pat konn ale.*

#11. Darival Elusma; Gason ; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Wi se eee Avan Teknosev, se Gwomon ki konn vin achte mango a isi pou'l al bay li nan Potoprens. Men a vini Teknosev, enben[13] kounya la. Enben eee tout Selil yo kounya la mete Gwomon. Met Teknosev e deyo voye'l al lakay li se rezon sa Menm. Enben se avan Teknosev, se yo menm ki te konn vini epi ke yo pran'l men nou menm non. Pou Savann Kare.*

### **Yo pa vini anko?**

#11. Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Non. Depi, depi yo vini pot ferme[14], (pot femen?) pot ferme.*

### **Pa gen Voltije ki sot lot kote ki vin pran?**

Yon patisipan di tou ba: *Non, pa fasil.*

#11. Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese ; 3ane nan Selil; Reto; *Bon se selman nan komin nan ki gen, ki gen yon moun, ki nan komin nan ki toujou la. Men avek sa se kek grenn moun ou konprann. Ou jwenn yon ti bagay men tout eee tou nan seksyon an Seelil yo gentan ferme[15] yo.*

### **Le'w di moun nan komin nan se komsa se de yon sel moun w'ap pale?**

#11. Darival Elusma; Gason; 41ane ; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Non pwodikte yo.*

## **Plizye Pwodikte k'ap fe Voltije nan zon nan ?**

*(Yon patisipant di non)*

Plizye vwa reponn tou ba : *Yon sel moun.*

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Non yon seul[16] moun, yon seul moun.*

## **Li se yon sou founise, li konn achte anpil ?**

Piblik : *Wi.*

## **Eske li bay bon pri ?**

#11.Darival Elusma Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Bon ! (yon patisipant di : li swiv nou?). Bon kounya la li sot anba, toutotan Selil yo ap monte, anben[17] li we ke selil yo menm ap fel mache.*

## **Li pat la avan ?**

#11.Darival Elusma Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Wi li te la (yon patisipan di an menm tan: wi li te la) avan.*

## **Li te konn achte avan ?**

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Wi li te kon achte avan.*

## **Kounya li komanse bay pi bon pri ?**

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; [18]Kon-kon-Konnya[19] le'l gade'l we' pa ka jwenn mango nan pri'l te konn achte a. Kounya l'ap mache deye Teknosev kounya. Kounya la li re ap monte pri yo jiskaske enben[20] ou we'l achte a 30 goud li menm tou. Kounya li vin monte ane a a 30 goud pou'l we si la jwenn yon bagay.

#19. Zephir Olivier ; Gason ; 41ane ; Okenn ; Machann ; 3ane nan Selil ; 7yem ane ; Wi mwen se Zephir Olivier -setadir[21] le m'ap gade Teknosev. Monche si Teknosev pat vini nan komin Eneri. Monche se pi gwo defisi nou t'ap fe. E le m'ap gade depi an komansman. Euhh ansyen manb yo te dim. Euhh m'ap komanse eee nan premye etap. Depi nan 2 goud epi jiska 6 goud rive jiska 12 goud. Epi n'ap monte nan 20 goud. Men finalman, parapo. Gras a Teknosev ki te vin mete pwogram sa sou pye.

Enben[22] moncher[23] eeee afe bagay 2 goud, eee 2 goud la sa fini. Men Voltije sa yo menm ki sou teren an aktuelman[24] la. Men mte ka di s'on[25], m'te ka ba'l yon non aplikate. Se yon moun ki gen yon kantite mango men ki estrateji li fe. Pa egzannp pandan n'ap fe reyinyon sa la epi i gendwa ozalantour[26] li komanse. L'ap pran kek ti poul epui[27] apres la le'l komanse, le'l bezwen derape pou'l ka derape. Ane sa m'remake yon bagay. Toutotan nou poko an kaptivite epi li frikat[28]. Ebyen poukisa paske li poko an kaptivite. Epi finalman eee le pou'l derape li pran on ti bagay. Li pran yon ti bagay men'l pa janm pran direkteman kounya lap suiv. Sepandan eee mwen rankontre ak yon Voltije. Epi di Olivier eeee m'santi ou kraze'm anpil. Pase m'kontre avek yon pwodikte ki di'm : "monche se 32 goud wi w'achte mango a ii di'm. M'di 32 goud wi?" menm mwen menm ki anndan pwogram nan m'pate ko konnen eske, eske se pri sa l'achte'l. Poutan l'ap fente[29] m'epi mwen m'vin jan[30] gen kontwol li tou. Ki bahay[31] komsa i bezwen konn ki pri mache mango a pou'l ka gentan achte mango a. E kounya m'rete poze .Epi se jis an apre. An apre li tann nou komanse ap travay. Pase le sa li vin konnen pri mango pa nou an. Epi kounya li menm, li metel nan 32 goud la tou ou konprann? Kounya'l vin nan pri n'achte'l la. Men setadir[32] eee ofiramezi[33] m'santi Teknosev. Si se te lontan tout mezi heinnn nou te konn tande ap pale de Gwomon. Men nou konnen se pa mwayen aksyon pa yo ki pemet. Eee kounya y'ap ee nonmen'l konsa. Epi pou otan se kouraj pa nou tou. Paske gen kek pafwa yo jwe nou. Le yo vin pran mango a isit. Enben kounya yo di se sou non Enery. Yo sot sou Savann Kare. Epi pou otan se pa vre. (yon lot moun di Gwomòn.) Sou kont Gwomon. Kounya mango a soti poutan se pavye. Poutan se mango pa nou an ki pemet yo revolye[34] konsa. Setadi m'sipoze. M'santi si Teknosev te gentan eee paret sou le teren. Moncher[35] janm chech konsa. M'pa tap chech. (Piblik : Ri tou piti.) Jan pwodikte yo te fini konsa. Yo pa tap fini. W'ave nou ? (vwa moun ki ap pale) paske m'santi moncher[36] Teknosev la s'on[37] lot bagay. S'on lot bagay. Nou fe plis lajan. Nou fe plis mango.

**Nap pale de pri mango pa nou, lontan nou pat konn pale de li ?**

#16. Belhomme Dieuphene ; Gason; 44ane ; 4Timoun; Mason, Grefye; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; Non.

### **Ok ou met pale.**

#16. Belhomme Dieuphene ; Gason ; 44ane ; 4Timoun; Mason, Grefye; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Wi avan avan sa, se pwodikte yo'k t konn (yon fi touse) desann mango a. Nik[38] monte pye mango a, souke pye mango a. Epi plen panyen[39] pran, pran, pran mezi pou pran ladan'l lan. Epi pou'y a'y[40] vann ni. Men, eee nan le sa yo konbyen kob yo te konn pran douzen grenn nan? 20 grenn, yo te konn pran 20 grenn (vwa moun ki ap pale.)*

### **Men eske nou te konn rele li douzen ?**

Piblik : Non. Wi. Nou te konn bay li 50 wi avan.

#16. Belhomme Dieuphene ; Gason ; 44ane ; 4Timoun ; Mason, Grefye; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Koute. Koute. Li bay yon douzen li pran'y 20, 18. Yo te rele'l douzen. Sa ve[41] di i met eh eh pou konbyen kob ? pou 12 goud oubyen, oubyen, oubyen 10 goud sa ve[42] di tou le 2 menm bagay. Se le eeee. Se le Teknosev vin vini le'y vini. Eeeee li vin montre nou chemen an. Le sa a nou menm nou jwenn pri. Men ane sa. Le sa konbyen nou te achte mango? nou te achte'l 27 goud nou te achte'l. Sa vle di pou demontre'w. Eee eee le yo tand se 27 goud n'ap achte'l. Konbyen pwodikte yo te achte'l le sa yo menm ? se te 25 goud. Le tout moun menm tand se 27 goud n'ap achte'l tout moun yo net kouri sou nou pou se nou menm ki pou achte'l. Eben[43] akoz de sa yo menm yo vin we yo pap jwenn. Le yo we yo pap jwenn yo menm yo vin achte'y 27 goud menm jan ave nou. Pou yo ka, pou yo ka jwenn. Kounya ane sa ki sot pase anko la nou vin monte'l 28 goud. Le nou vin monte'l 28 goud yo menm tou pou yo ka jwenn yo vin montel 28 goud deye nou. Men pwoblem nou menm nou vin genyen. Nou menm nou pa gen yon kob nan men nou. Eee ee ee pou'n ka achte'l, achte peye. Men voltije a, yo menm voltije a yo gen yon kob nan men yo direk. Se menm kote yo keyi mango a, menm kote yo tou regle'l kounya yo peye'l. Men nou menm fo nou fin al bay li nan izin anvan. Le nou vini poun, poun al siveye chek poun peye yo. Se yo, se moun Selil ki gen ke ki pou tann li men yo menm yo pa gen ke sa. sesese[44] keyi mango yo menm kote a ba yo kob pa yo. Eeee se akoz de sa ki fe'm ka di voltije a ap toujou la. Men si nou menm nou te gen kob nan men nou, nou t'ap annik achte annik menm peye. Monche*

*patap gen voltije isi a anko. Esak fe, esak fe nou ka di ane sa bon. Ane sa Teknosev eh eh te pwomet nou t'ap prete Selil yon monnen pou'n te ka...*

**Eske Izin yo pran tout mango a menm pri, menm mango ki pa bel yo ?**

#16. Belhomme Dieuphene ; Gason ; 44ane ; 4Timoun ; Mason, Grefye; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Non, sak bel la, sak bel la* (plizye moun ap di: Non non, nou vann yo a madan Sara.)

*Yon fi di : Nou kite yo nan pye pou madan sara.*

(Yon lot moun di izin yo selman pran sa ki bel.)

**Eske pri nou vann madan sara yo ogmante tou?**

#16. Belhomme Dieuphene ; Gason ; 44ane ; 4Timoun; Mason, Grefye; 3ane nan Selil ; 8yem ane; *Non, non , non i diferan.*

Piblik : Non, non, non i diferan, li diferan.

**Epi nou vann yo pa douzen oubyen pa panye ?**

Yon patisipan reponn: *Madan sara pa achte pa douzen.*

#16. Belhomme Dieuphene ; Gason ; 44ane ; 4Timoun; Mason, Grefye; 3ane nan Selil ; 8yem ane; *Madan sara pa achte pa douzen.*

*Yon Patisipant di : Pa panye madan sara achte.*

(Plizye moun ap pale an menm tan)

**Ki konparezon nou ka fe ant pri nou te konn vann madan sara lontan an ak pri nou vann yo kounya a ?**

(Plizye moun ap pale ansanm.)

Yon prezantate fi di : *Youn apre lot.*

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil ; Reto; *Men li eeee pou madan sara yo,nou menm le nou fin pase sou mango a. Nou pran mezi sak bon an. Yo kite sa'k pa bon an nan pye a. Epi Pwodikte a menm rele on madan sara epi kounya li ke fe eee pri pye a net ansanm avek met li. Epi'l monte'l, grennen'l. Yo menm y 'ale o marche[45] avel. (yon patisipan di : mache lokal). Yo al nan mache lokal la. Sa pral depan yo ka, iii gendwa vann mwens kob ok. Iii ka vann mwens kob, i ka vann plus eee iii ka vann. Bon de tout jistis mwen si ke l'ap vann paske mache a suchaje[46] avek mango. Enben[47] se rezon sa. Se tout sa'k bon yo yo vann yo pa douzen. Epi tout sa ki pa bon yo yo vann yo a madan sara pou y'al vann o mache.se konsal ye.*

**Ok. Men se sel a madan sara nou vann sak ret nan pye yo,nou pa konn rele Voltije vin pran res mango sa yo ?**

*Piblik : Non.*

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil ; Reto; *Yo pa pran'l tou.*

**Se Sel bel mango Voltije yo vle selman?**

*Plizye di Patisipan di: Wi bel mango.*

**Men konbyen fwa nou al keyi mango nan pye a?**

*Piblik : non plizye etap*

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Mango a gen plizye etap pou'l, pou'l, prepare. Anben[48] kounya'w pase nan yon premye etap. Kounya ou, ou pran sa ki e mi yo. Epi apre on 2, 3 jou anko. Enben tout o tan ou montre'l gol l'ap prese. Epi kounya apre kelke jou anko kounya'w repase. jiskaske anben nou menm, nou fin pran tout sa pou nou pran. Epi nou, nou, nou tou di pwodikte a enbyen nou pa gen anko ladan'l li met degaje'l ak res yo.*

**Nou deside pa pran res yo paske nou konnen yo pa nan eta pou nou vann yo ak izin anko ?**



#11.Darival Elusma; Gason; 41ane ; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Wi wi yo gen tach ou konprann? se selman o mache yo ka achte yo.* (plizye moun ap mimire pandan #11 ap pale.)

### **Konbyen fwa yon pwodikte ka keyi yon sel pye mango?**

Piblik : 3 fwa. *Sa pral depann de rekot la. Sa depan de jan rekot moun nan prepare a.*

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil ; Reto; *Sa pral depann de rekot moun nan. Paske gen mango ki konn donner plizye etap ou konprann? anbyen ou pase gol la'w pran sa'k bon an. Epi apre yon moman anko kounya'w retounen'w pran sa kap bon yo.*

### **Eske yon lot moun ka esplike nou plis toujou ? konbyen fwa nou konn keyi nou bay Izin ?**

#17.Egzilia Valeris ; Fanm ; 48ane ; 5Timoun ; Okenn; Okenn; *Nenpot 3 fwa.*

### **3 fwa ou te pase sou li pouw voye nan izin?**

#17.Egzilia Valeris ; Fanm ; 48ane ; 5Timoun ; Okenn; Okenn; *Wi.*

#4.Estimable Emmanuel; Gason; 48ane; 7 Timoun; Femye; 3ane nan Selil; 9yèm ane; *Eee mwen menm se Estimable Emmanuel, man'm[49] Selul[50] men nan men. Voltije yo gen yon, le nou ap gade. Ane pase,ak ane sa a nou fe on dekouvet. Voltije yo te preske vle pase sou nou ane sa. Rezon, ane pase nou te vann mango a oganik. Epi nou te vann li nan mache ekitab. Enben bon, ane sa parapo a (kout silans) manb nou yo, tout, tout, nan kantite manb pou nou genyen, nou ta dwe genyen. Poun te kapab vann nan oganik la. Enbyen[51] bon, nou pat, non tout moun sa yo pat soti pou nou kapab vann nan mache oganik la. Enben nou te vini arive gen seulman pou'n vann oganik avek yon mwens, manb. Epui[52] res yo, n'al vann yo nan mache konvasyonel. Enben avek sa, Voltije a te g'on[53] pwofi. Eeee puiske moun oganik yo mwens, Voltije a te vin g'on pwofi. Li vin genyen, li vin gen kantite'l te fe ane pase a, ane sa'l vin fe plus[54]. Mhh li vin fe plus paske nou vin gen plus moun kap swiv nou jounen Jodi a. Enben bon ! moun nan di'w bon puiske Voltije a limenm li g'on kob ki*

*disponib pou' l ht mango a. E nou menm nou pa genyen' l nan men nou. Epui yo, ristoun nan pou yo ta gen espwa yo vin pa genyen' l. Enben kounya gen moun tou ki abuze yo sou vann mango a kote yo jwenn nan. Paske pou ki? yo pa genyen mache Ekitab la ane sa.*

### **A ki pri yo tap vann li?**

*#4. Estimable Emmanuelle; Gason; 48ane; 7 Timoun; Femye; 3ane nan Selil; gyèm ane; Toujou menm pri a, toujou menm pri a men a led de, ristoun nan yo pa gen espwa.*

### **Pri a te toujou wo men ou pedi Ristoun an ?**

*#4. Estimable Emmanuelle; Gason; 48ane; 7 Timoun; Femye; 3ane nan Selil; gyèm ane; Wee yo yo yo gen, gen ,gen moun. Gen Pwodukteur[55] ki abize yo pou yo kapab vann mango avek moun, avek Voltije a paske li pap jwenn ristoun nan li tou.*

### **Eske se paske izin pat vle pranl anko ki fe nou fel konsa ?**

*#4. Estimable Emmanuelle; Gason; 48ane; 7 Timoun; Femye; 3ane nan Selil; gyèm ane; Non, non epa pou sa, yo jwenn kob la pi vit, yo jwenn kob la pi vit.*

*#6. Chevet Belhomme; Gason; 36ane; 5ane, Kizinye; 3ane nan Selil ; 3yem ane; Mwen menm se, se man' m Selul[56] Leve Kanpe, m' rele Delom. M' ka di mwen menm, soti 2013 pou rive pou rive 2014. 2014 la nou te sou tet jwet nou kom moun, kom Pwodikte. Pase 2014 la nou te vann anpil mango. Kote ke m' ap di' w nou te vann anpil mango, nou te vann oganik, nou te vann ekitab. Men le nou gade pou ane a ou jwenn nou menm non nou te soti nan oganik, nou te soti nan ekitab. Pou ane a ou jwenn gen anpil nan nou menm non nou pa menm soti pou vann mango. Se konvansyonel non nou al soti pou vann. Pandan ke non nou vin soti nan konvansyonel, m' ka di nou pa gen okenn pwofi kap vin jwenn nou nan mango konvansyonel la. Pase le nou gade 2014 nan mango nou te vann, nou jwenn kob nou fe devlopman. Kob pou fe devlopman nou prepare tiyo ansanm ave' y, soti byen lwen pou vin nan zon nan la. Nou bay tout Pwodikte yo ni moun ki vann ni moun ki pa vann tout net resevwa dlo. Nan moman m' ka di mango oganik lan plis mango ekitab la li te avantaj pou Pwodikte yo. Men le nou gade akoz ke pa gen ogg, non moun yo pa soti nan oganik, yo pa soti nan ekitab. Ou jwenn tout moun yo yo di bon si Voltije a ap achte mango a 30 goud, nou menm ki*

*nan Selil nap achtel 30 goud, kob Voltije a lajan kach, yo prefere ke yo bay li Voltije. Paske se pa le yo sot nan izin y'ap touche. Imediatman yo fin keyi mango a y'ap touche. Rezon sa nou menm nou mande pou Teknosev ta fe plis demach mache pou nou, izin pou nou, pou nou kapab jwenn pou non Pwodikte yo soti. Le non yo soti a pou nou jwenn, pou nou kapab mete Voltije ki la k'ap barese[57] pye nou an deyo. paske le kob la vini pou devlopman nan zon nan, m'ka di lavantaj pou nou. Paske gen travay pou nou ta fe. Ou jwenn nan ane depi 2014 la, nou te jwenn chans timoun nou ta'y[58] lekol byen. Men pou koulye[59], pou ane isi a m'ka di mango yo vann avek Voltije. Pap gen pwofi pou'w voye yon timoun lekol. Pap gen pwofi pou'w achte yon bet. Men 2014 nou te jwenn pou nou achte yon bet.*

### **Le n'ap gade byen nou we pri mango a vin de fwa plis men ou di nou ou pa fe pwofi ?**

*#6. Chevet Belhomme ; Gason; 36ane; 5ane ; Kizinye; 3ane nan Selil; 3yem ane; Wi i pi wo, m'ap diw nan ki sans m'di'w pa gen pwofi, men pouki nou di'w pa gen pwofi a se paske mango a al jwenn Voltije a kounya.*

### **Sa'w di kounya pa gen sans pou nou**

*#6. Chevet Belhomme; Gason; 36ane; 5ane; Kizinye; 3ane nan Selil; 3yem ane; Sam di pou ou 2014, bagay la te pi bon pou nou.*

*Prezantate a kontinye pale pou eksplike ke si lajan an vin de fwa plis, li pa ta sipoze pa fe pwofi. Li bay patisipan an yon ekzanp li di li, sim achte yon bagay 10 goud mwen revann li 15 goud mwen fe 5 goud pwofi. Kote'w fe defisi oumenm ? si anvan ou tap fe 15 goud kounya ou gen 15 goud pwofi toujou pandan w'ap vann a 30 goud.*

*#6. Chevet Belhomme; Gason; 36ane; 5ane; Kizinye; 3ane nan Selil; 3yem ane; Wi m'konnen m'gen pwofi 15 goud toujou ok. Pwofi m'te jwenn an 2014 la se paske nou te jwenn ristoun. Te gen ajisteman. (plizye moun ap pale an menm tan) Ane isit la pat gen, pat genyen sa, pase[60] pouki ? se mango konvansyonel nou vann. Si nou vann mango konvansyonel, ou vin jwenn pa gen kob devlopman k'ap vini. Pa gen ristoun k'ap vini.*

**Ok. Ou fe mwens kob ?**

#6. Chevet Belhomme; Gason; 36ane; 5ane; Kizinye; 3ane nan Selil; 3yem ane; *Ok ou fe mwens kob, se sa se mwens kob m'fe.*

Prezantatris : **Gen kek moun ki pa pale se tout moun ki sipoze pale**

(Plizye moun ap reyaji.)

**Se vre gen moun mwen we ki pa pale menm**

Patisipan pa idantifye: *Bon m'pa di anyen non, m'pat patisipe nan nan nan ankenn bagay.*

**Ou pa nan PBG ? Nan Selil ? Ou fe kob nan mango ? Ou gen mango ? Ou vann mango ? Ou pa vann a Voltije ?**

Menm patisipan ki pa idantifye a reponn : *Non.*

**Ou pa gen pye mango ?**

Patisipan pa idantifye: *M'gen kek grenn men yo poko donnen.*

(Vwa lot moun ki ap pale)

**Se ou ki te plante yo ?**

Patisipan an reponn : *Wi.*

**Ou pa achte?**

Patisipan an reponn : *M'gen yon kantite bondye fe m'jwenn gen kek ki fe gref nan jaden men yo poko donnen.*

**Se nan Selil ou jwenn pye sa ou genyen yo?**

Patisipan reponn : *Non m'poko jwenn.*

### **Konbyen'w genyen ?**

Patisipan reponn : *M'pa gen anpil nn. Men e plante m'plant. M'plante plizye pye. Depi m'ap travay nan jaden m'ap plante. Bondye fe (Pa ka tande res pawol).*

### **Ki kote nou jwenn pye mango nou plante yo, eske se Selil ki ban nou yo oubyen se achte nou achte yo ?**

(Plizye moun pale an menm tan)

Menm Patisipan an kontinye : *Non se nou menm menm ki fe pepinye nou wi ? m'te ladan m'te vin kanpe. M'wel pat gen anyen ki enteresan pou'm te kontinye'l.*

(Plizye moun ap pale tou ba.)

### **Paske ou pat gen pou'w vann ?**

Men Patisipan an di: *Wi*

### **Ou panse w'ap genyen ane sa ?**

Menm Patisipan an di: *Bondye konnen.*

Piblik: *Mwen gen yon kesyon. Tale*

### **Pale non**

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Sa m'ap di, loske nou t'ap pale sou dosye. Eeee keyi mango a. (yon moun touse tou piti) Defwa ou ka paret sou on pye mango pou'w ka keyi'l. m'kwe se sou 4 fwa, ou ka paret ke nenpot 4 fwa. Premye fwa'w paret gen mango'k poko fin rive. Pandan mango a poko fin rive ou keyi'l. Ou keyi sa'k rive a. Apre ou voye sa ale. Apre'w tounen anko. (ou voyel nan Izin?) iya, ou tounen anko, apre'w fin anko ou pra'l anko, ou tounen ladan'l anko. Apre'w voye'l nan izin nan anko. Chak ou vini apre w'ale anko jiskaskew fini. Le sak pa bon an kounya, sa'k pa bon an yo lage'y sou mache*

(Silans)

### **Epi yo al pran tout ?**

#13.Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Wi.*

### **Yon sel kou yo pran tout ?**

#13.Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Non yo pa ka pran tout yon sel kou.*

Patisipan pa idantifye : Sak sou mache a wi

Patisipan avan nan kontinye: *Non sa'k sou mache a yo pran'y yon sel kou paske yo grennen'l nan yon sel jou. Pase sa sa...*

### **Eske menm si yo poko byen mi nou toujou keyi li kan mem ?**

#13.Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Non si'y poko, si'y piti. Eeeee moun ki sou mache a ap grennen tout pase se pye a l'achte limenm pou'l vann.*

### **L'ap grennen tout ?**

#13.Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Wi.*

### **Eske mango sa yo bon ?**

(Plizye patisipan di non)

### **Kiyès ki achte mango sa yo ?**

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Non si'w achte'y pou'w vann moun sou lari achte'y. (plizye moun ap pale tou ba) moun sou lari achte'y.*

Patisipan pa idantifye: lakay sitou

**Pou nou fin klè sou kesyon mango ki pa fin bon yo, le madan Sara a vini li grennen tout net ?**

(Plizye moun ap pale an menm tan.)

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Tale tale banm di'w. (yon lot patisipan di yon bagay tou ba). M'diw ke an prensip le pou nou menm al ay keyi mango a. Nou paret yon premye fwa nou keyi. Dezyem fwa nou paret anko nou keyi anko. Nou ka paret ke nenpot 4,5 fwa nou monte sou yon sel pye mango. Apresa nou pa monte sou li anko.*

**Men n'ap pale de res mango ki rete ki poko rek ke nou gentan we ki pa ka al nan izin, ke nou vann ak madan sara. sa nou fe avek yo ?**

*Tout patisipan yo ap reponn an menm tan yap di : Non pa genyen, pa gen mango ki poko rek, tout rek, tout rek. Nan denye etap la, tout rek. tout mango rek net.*

**Yon moun klarifye pwen sa pou nou souple.**

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Epitou gade banm di yon ti bagay...*

Vwa yon fi k'ap di: ok banm di yon bagay an menm tan ke #13

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Yon bagay tou, konnen sa g'on [61] le ki pou rive la grenn vin tonbe. Depi lagrenn nan tonbe mango pran vè. Sa, mango sa ou pa ka voye'l ale nan konpayi, naaaan izin nan.*

**Men ou ka voye'l nan mache ?**

Piblik: Wi. *Plizye lot moun ap pale an menm tan.*

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Bon moun yo'k pran'y. Moun yok pran'y.* (vwa fi ak gason ki ap pale) *Sa pa ee se pa nou menm ki voye'y.* (vwa yon fi ki ap pale) *Moun yo pran'y. Se pa nou menm ki voye'y nan mache non. Moun sara yo achte'y, y'a'y vann ii ou konprann?*

#18. Philistin Noncilia; Fanm; 53ane; Okenn; Machann, femye ; 3ane nan Selil ; Okenn ; *Wi, nou triye sa'k bon yo. Depi nou toufe yo la,* (vwa yon ti bebe kap mimire) *Sak gen ve a nou tou kiteyy nou bay kochon. Men sa'k bon an nou ranje yo nan panye n'al ave yo. Fo'k nou jwenn yon moun ki ki pran yo.*

### **Ou ka toufe yon mango vèt pou'w fel mi ?**

Patisipan pa idantifye : *Wi depil vet ou ka fel mi.*

#18. Philistin Noncilia; Fanm; 53ane; Okenn; Machann, femye ; 3ane nan Selil ; Okenn ; *Wi ou ka fe'y mi, si'w mete'l ate a la nenpot 5,6 jou i vin bel.*

### **Ki kote nou konn al vann yo, ou konn al vann Gonayiv?**

#18. Philistin Noncilia; Fanm; 53ane; Okenn; Machann, femye ; 3ane nan Selil ; Okenn ; *M'konn al Powoprens, m'konn a'y Gonayiv, m'konn al Pestel, m'ayy Senmak. Dimanch lan, dimanch m'tay Senkyem, m'tay vann.*

(vwa ti bebe ki ap mamote.)

### **Anvan Teknosev te vini, te gen pepinye?**

Piblik : Pepinye. Wi

### **Eske nou te konn plante mango ?**

#18. Philistin Noncilia; Fanm; 53ane; Okenn; Machann, femye ; 3ane nan Selil ; Okenn ; *Depi moun nan jwenn yon grenn mango. ii fin manje'y, i tou fouye tou i mete grenn mango a.*

### **Nou menm menm ki konn fe sa ?**



Yon patisipan reponn : *Wi.*

**Kote nou konn mete grenn mango a pou'l leve ?**

Piblik : Nan bouda bannann

#18.Philistin Noncilia; Fanm; 53ane; Okenn; Machann, femye ; 3ane nan Selil ; Okenn ; *Tankou'w g'on touf bannann, ou mete'y anndan'y pou bet pa manje'y.*

(Plizye ap pale ansanm sou sije pepinye a.)

**Men se pat pepinye nou te konn fe ?**

Piblik : *Non.*

Patisipan pa idantifye: *Yo fe tou 2.*

(Plizye moun ap pale)

**Eske se ak pwoje nou te konn fe pepinye ?**

Yon patisipan di : *Non ak KODEVAP.*

(Plizye moun ap pale tou ba)

**Ak KODEVAP?**

Piblik: *Wi.*

**Kisa KODEVAP ye?**

Piblik: *Yon ONG*

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Yon ONG ki konn mache. Epi avek eeee ONG KIYAP.*

**Yo fe basen vesan?**

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; Wi, epi yo fe pepinye

### **Kounya nou fe plus mango oubyen nou te konn fe plus lontan?**

Piblik: *Nou fe plis. Kounya nou plante plis. Nou fe plis.*

### **Ki mango nou te konn plante plis lontan ?**

Piblik : *Kòn). Fransik. Tout kalite.*

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Fransik, Fransik poukisa se fransik ?*

### **Lontan wi**

#11 kontinye : *Wi, pat ko gen sa yo rele gref. Se rezon sa ki fe yo konn plante mang fransik.Paske depi'w plante, depi'w fin kale grenn mang la epi'w tou plante'l le sa ii tou rete mang fransik. Men vin arive aaaa PIYAP a KODEVAP enben kounya la yo di tout mango ou met plante yo pase y'ap grefe yo.*

### **Mwen konprann, eske gen lot kalite ki pouse pi byen?**

Piblik: *Wi.*

### **Ki mango ki vann plis nan mache lokal ?**

#18.Philistin Noncilia; Fanm; 53ane; Okenn; Machann, femye ; 3ane nan Selil ; Okenn ; *Le le wayy vann yo mande mango tisya. Li menm avek fransik la'k vann pi vit ke blan. Ok*

Patisipant lan kontinye : *Wii depi machann nan we'l gen bel ti koule la, li menm li pran'y nan tet ou ii mete'y ate. Ou ka fe pri ba li. Dimanch lan m'ta'y Senkyem konsa yo fe. Machann nan depiy we mango a g'on ti koule i menm ii gentan pran'y pou lot pa jwenn li. i gentan pran'y nan tet ou i mete'y ate. (plizye vwa ap pale tou ba) m'tale dimanch lan.*

## **Kijan'w vann yo ? pa kivet, pa panye oubyen lote ?**

Piblik: *Pa panye.*

#18.Philistin Noncilia; Fanm; 53ane; Okenn; Machann, femye ; 3ane nan Selil ; Okenn ; *N'achte panye nou nou paye yo byen pwop.*

## **Machann ki achte'l la kijan li vann li?**

(Plizye moun ap reponn an menm tan)

*Yon patisipan di: Nou vann li an gwo li menm li vann li an detay*

#18.Philistin Noncilia; Fanm; 53ane; Okenn; Machann, femye ; 3ane nan Selil ; Okenn ; *Nou ba li'l nan panye a li menm li, li menm li, lay radote.*

#15.Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Wi, wi te gen yon, te gen yon enkonvenyan pami le y'ap diw mango a. Nou, Pwodukteu[62] a vann nou epi nou ale 3 fwa. Men ki koz ki fe se 3 fwa: Avan, avan Selil yo te menm fome. Animate yo t'ap fome nou, tap fon fomasyon pou nou. Yo te fe nou konprann mango a te gen 4 kalite mango oubyen 3. Gen youn ki prale ekzakteman nan izin (bri fey ki ap chifonnen). E se li k'ap transmet li (yon moun touse) et gen youn tou ki ka al vann nan maket nou yo. Gen youn ki ka ale sou mache gen you ki ka rete nan pye oubyen nan jaden an. Se sak koz ki permet[63] nou menm Selil, pa mwayen fomasyon nou resevwa nan men eem animate nou yo. Permet nou pa ale sou pye mango yo pou nou pran yo souke yo epi fe gaspiyaj. Nou selman ale nou seleksyone mango a, nou pranl, nou vini avek li. E Teknosev telman fome nou, nou ka di'w konbyen kob chak grenn mango koute. Se sak permet nou pa ka fe yon seri de defisi nou te konn fe aye. Nou pap fe yo jodi a.*

## **Paske nou vin konn valè li genyen ?**

#15.Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Nou konn valè li genyen.*

## **Ok mwen konnen se pa sel mango nou genyen isit**

*Piblik : Non nou genyen zaboka, lam veritab, chadek, zoranj dous.*

**Eske sa nou aprann nan selil yo nou aplike yo pou lot fwi sa yo ?**

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Non*

Piblik: *Non.*

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Nou pa fel se pa rapo nou poko jwenn mache. Men une fwa ke nou jwenn yon mache. Pa ekzanp nou pral nan yon epok ki pral gen zaboka. Apre mango a la n'ap gen sa'k rele kenep. N'ap genyen anpil kenep.*

**Eske nou konn netwaye kenep ?**

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Wi nou netwaye'l.*

**Eske nou te konn fe sa avan technoserve ?**

*Piblik : Non.*

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Non nou pa't konn fe sa avan. Se gras a Teknosev nou konnen toutotan pye fwi a l'ap donner, ou netwaye'l. Ou antre andann'l, ou fe sa ki rele kiktaj. Ou netwaye'l, retire ti pay retire (yon patisipan di :tay) tay. Retire pay ki anndan'l, branch ki sech, branch ki two kofre fe soley rantre. Le sa w'ap jwenn plis avantaj ladan.*

**Eske nou netwaye lam veritab ?**

*Piblik : Non nou pa pwodwi, nou pa pwodwi lam veritab.*

patisipan pa idantifye: *Selman nou gen kek moun ki genyen.*

Yon patisipan di tou ba: *Kek moun ki genyen.*

Piblik: *Wi kek moun ki genyen.*

### **Aprisa se Zaboka nou genyen pavre? Eske nou netwaye zoranj ?**

Piblik : *Wi.*

### **Sa vle di nou netwaye tout fwi yo ?**

Piblik : *Non. Le'l gen ti grenn bwa chech.*

Patisipan pa idantifye: *zoranj lan, le'l gen, le'l gen ti pye. Le'l gen ti bwa ki komanse chech li make mouri nou retire yo.*

Patisipan pa idantifye: *Paske nou menm nou gen zaboka n'ap monte. Le pli souvan, nou toujou ap monte yo. Kote nou menm nou pa ka rive nou ap rale branch fey yo lage ate ato. (pawol pa kle)*

#8. Dolcius Dolce; Gason; 60ane; 3 Timoun; Femye; Okenn; Okenn; *Sa ki fe nou kenbe te yo plis pwop tou. Rezon nou kenbe jaden yo plis pwop se paske Teknosev aprann nou pou demen si Dye ve si'n ta vin jwenn yon mache. Teknosev aprann nou pou'n kenbe jaden yo pwop. Retire, epi pa jete fatra ladan yo, bagay plastik. Pa jete yo nan jaden yo, pa brile seri de bagay ki pa kaaaa bahay[64] nan te yo. Le konsa w'ap jwenn tout jaden yo ap pwop. Mwen menm dabo si'm ta gen yon mache pou zaboka. Kounya'w ta vin jwenn mwen. Depi w'al nan jaden'm w'ap jwenn yo pwop. Gras a Teknosev ki aprann nou pou'n kenbe pwodwi lakay nou yo, pou'n kenbe yo pwop.*

### **Dako.**

#14. St. Jn Raymond; Gason; 41ane; 2 Timoun; Femye, Atis; 3ane nan Selil; 9yem ane; *Mwen menm, mwen se St Jn Raymond, manb Selil Leve Kanpe. Bon m'ka di, m'ka di depi an 2013 Teknosev vin louve tout je moun nan komin Eneri espesyalman lan premye seksyon Savann Kare. Paske je nou tout te mare, aveg pratikman pa rapo de Voltije. Nou menm ke Voltije te konn ap maltrete nou nan 1<sup>er</sup> seksyon. Eeem m'sonje an 2013 le'n ale nan izin pou'n bay mango nou. Le yo mande kote nou soti, le nou di se nan komin Eneri. Li di se premye ane mango komin Eneri antre nan izin nan. Mwen menm sa te mete'm nan refleksyon. Poukisa ? Voltije yo, yo vin keyi mango bo isi, le yo rive yo di se Gwomon yo soti avek mango yo. Ah ki kote mango yo soti se nan premye*

seksyon Savann Kare. Enben pa rapo de Teknosev ki vini an, ke i vin ban nou de fomasyon. M'sonje sa jounen jodi a jiskisi. Pandan ke animatris la tap fe, animatris Echoune tap fon fomasyon pou nou. Le'm te pran megafon, m'te pase nan yon lokalite m'te envite moun nan reyinyon. Pandan (patisipan pale two ba) voltije sa te vini nan reyinyon an. Pandan ke'l vini, li te chita avek nou. Li t'ap tande tout fomasyon animatris la t'ap ban nou. Le'l, le'l te touche, le'l te we bagay la se yon barikad Teknosev te vini pou li. Li te leve kite rankont lan san ke pat gen moun ki te rann kont le'l te soti. (yon gason grate goj li). Alo m'ka di'w depi le sa tou. Paské limenm, li santi jiskensi, li santi'l gen pwoblem. Se sa'k fe depi'w tande nou menm sezon mango a pral rive. Yo toujou deye do nou y'ap tann ki le bouch nou a ouvri pou yo tande ki pri n'ap achte mango a espere. Pou ke yo menm tou pri nou achte'y la yo panse yo ka avanse'y deye nou. sa toujou ba yo anpil pwoblem. Men pwoblem ki se poz, ki vin poze, kom te gen yon eleman ki sot touche pwenn an la. Voltije yo depi'w tande peryod mango a pral rive yo simaye kob nan tout bwa. Nan tout zon bay tout keye Voltije zon nan parey yo. Moun k'ap keyi pou yo. Te met te 4000 dola 5000 dola yo bay chak keye. Yo lage nan men yo anpi[65] yo lage yo nan bwa. Anpi si yon moun pata gen on bòn[66] konprann ki anndan Selil, se kont pou'w ta leve vre. Parapo sitirasyon peyi a, se pa rapo si'w ta bezwen yon ti kob prete ii we'w gen ti mango a la, i wel ka jwenn on ti plan. i ta vle fe yon ti jaden, i wew gen, i wew keyi le sa ii menm i tap plis pwopab pouy al fe ti kob la. Men pa rapo de fomasyon animatris la ban nou, tout moun net vin chita yo vin kanpe ap tann nou pou, pou we kile n'ap fonksyone. Men mwen menm sa m'ta mande Teknosev sa'l vin, i vin ouvri zye nou. Li ouvri pase nou pa te we nan zye. Lontan pat konn gen moun ki te konn monte pye mango. Pat konn gen yon moun ki te konn monte yon pye mango ap netwaye yon pye mango kase tout branch chech yo. E le fini taye branch yo, fe tay pou li. Yo pat konn fe sa. Pa gen moun ki te konn fe'l. Menm si'w tande yon moun di'w li te konn fe'l manti. M'ka demanti tout moun la. Pa gen moun ki te konn fe'l. Se Teknosev si yon moun ap fe'l kounya se kounya l'ap fe'l. Teknosev ban nou fomasyon sou li tout moun fe'l. Tout moun ap fe'l. Menm zoranj lontan, moun nan leve. Zoranj li donner, moun nan pran gol li keyi zoranj li. Li rale zoranj li lage ate. Oubyen li pran sak rele (Pawol pa kle). Men pat gen moun ki te konn netwaye zoranj. Pat gen moun ki te konn fe bagay sa yo. Se Teknosev ki vini li ban nou tout prensip. Li voye animatris vin ban nou tout prensip tout fomasyon. Anpi nou menm kounya tou nou vin aplike'l ki fe kounya mango a vin, mango a vin sek. Pase avan ye pandan ma[67] pray nan yon jaden. Lontan, 2012 pou rive 2013. M'konn pase anba pye mango fatra ki anba pye mango a selman ap kont selman si on mango ta sot tonbe anle a. Li tonbe ate a, wap pe bese, wap pe bese men'w pou jan anba

mango sa konn sal. Avan ye pandan ma pray nan yon jaden le'm pase anba yon pye mango se kont pou'm ta, bahay si'm ta gen yon bahay pou'm al manje. Li ta tonbe ate a se pou'm ta pranl. Se pou'm ta pran'l pou'm al manje. Se pa ti deko. Se pa ti bel de deko. se pou'm ta pran'l poum al manje. Poukisa ? M'ta di se gras, m'ta di se gras a Teknosev ki vin mete nou. Ki vin ban nou fomasyon. kounya tout moun yo, yo vin konn okipe pye mango yo. **(Ok mesi)**. Pa mande male, pa mande male padon pou yon moun ta. pou yon pwodikte. yon moun ki nan Selil ta we yon timoun ap voye woch sou yon pye mango fransik.

### **Menm timoun yo pa voye woch ? se gwo koze!**

Piblik: Riii. Non.

#12. Gabriel Mexil; Gason; 40ane; 1Timoun; Mason; 3ane nan Selil; 8yem; M'di mesi a tout Pwodukteu[68] mdi mesi tou tout konpayi kap ede nou eee popilasyon an nan zafe mango. Eeee Nan tan lontan yon pye mango s'on[69] bagay ki vag li te ye. Men kounya mango fransik gen anpil value. Rezon an nou te konn fe sa yo rele mango a. Yo debranche yo jan yo vle. Nou koupe yo fe chabon. Le moun nan we moman an di pou li si'l gen pye mango fransik li koupe'l. Nan moman sa, oliu yon moun koupe yon pye mango fransik li plante plus. Anpil pwodukteu pye mango blan, pye mango fil. Eeee lot mango se koupe yo fe greff pwodwi plus eee mango. Nou di mesi a Teknosev paske li ede nou eee bay mango plus[70] valeu[71]. Nou di mesi tou a Teknosev paske li te ban nou ti pwoje lane pase. Semèn, mwa pase. Son[72] ti kob, yon ti pwoje. Yon pwoje dlo. Lakay mwen gen dlo k'ap koule a gogo gras a Teknosev. Paske nou te gen yon sistem, li te anpàn m'pat gen mwayen pou'm te ranje li. Pou'm te repare li. Men gras a Teknosev, men gras a Teknosev m'te rive jwenn yon ti mwayen pou'm repare'l. men m'gen dlo lakay mwen k'ap koule gras a Teknosev, m'di mesi. Nap di tou a Teknosev pou'l ede nou jwenn marche[73] pou zaboka. Zaboka, si gen responsab la pou ta pran not pou nou. Paske nou pwodwi anpil zaboka isit, chak ane zaboka toujou gaspiye. Anpil gaspiye paske nou pa gen kote pou nou vann yo. Eee nou gen tou, (vwa yon fi ki ap pale) sa'n vle di un peu[74]. Nou mande pou Teknosev, pou'l ede nou jwenn mache pou'n, pou pwodwi an pa gaspiye. Si nou, pa egzant nou gen anpil zaboka. Tankou mwen menm m'g'on[75] gwo pye zaboka preske chak ane li donnen, li grennen ate.

Prezantate kontinye : *Ok an nou fin pale de mango a jodi a. Paske kom nou te di nan komansman, nou vin pale avek nou. Fe yon evalyasyon pou nou rapote sa ou di la yo bay moun ki finansse pwoje yo.*

**Nou konnen ke kounya mango gen plis valè ke lontan. Eske lontan yo te konn koupe yo fe chabon ?**

Piblik : *Non. Kek di wi, wi.*

**Eske yo te pi plis ?**

Piblik : *Wi, wi yo te pi plis.*

**Sa vle di nan tan gran paran nou te konn gen plis mango ?**

Piblik : *Wi, wi.*

#11. Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Men eee pandan te gen plus[76] mango. Men pat gen plus mango fransik (yon patisipan di : Non), ok te gen plus. Pa ekzanp mango, pa ekzanp mango fil (plizye patisipan di : mango blan) te gen mango. Eeee yo konn tout bo rivye, yo chaje mango glise bahay[77] sa yo. Men se, sa'k vin pwodwi plis mang fransik, se gref. (yon patisipan di gref) Wonprann ? Men te gen plus mango se vre. Men nan tan sa kounya la se li'k vin bay plus mango fransik pa rapo a gref.*

#16. Belhomme Dieuphene ; Gason; 44ane ; 4Timoun; Mason, Grefye; 3ane nan Selil; 8yem ane ; *Sa vle di, m'ka di sa tou akoz de gref ki vin antre nan zon nan. KODEVAP te komanse avel epi KODEVAP vin kanpe. Epi Teknosev vin kontinye. Vin gen plis mango fransik. Ki fe vin gen plis mango kounya.*

**Kiyès ki premye fe gref isi ?**

#16. Belhomme Dieuphene ; Gason; 44ane ; 4Timoun; Mason, Grefye; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *KODEVAP.*

(Yon lot patisipan reponn KODEVAP.)

**Se KODEVAP ki komanse fe gref anba lot pye mango yo anvan?**



Piblik: *Wi, wi.*

**Kounya se Selman Teknisyen Teknosev kap fe gref?**

Piblik: *Wi.*

**Pa gen lot moun kap fe sa?**

Piblik: *Non.*

#16. Belhomme Dieuphene; Gason; 44ane; 4Timoun; Mason, Grefye; 3ane nan Selil ;  
8yem ane : *Non, non pa gen anko.*

**Poukisa?**

#16. Belhomme Dieuphene; Gason; 44ane; 4Timoun; Mason, Grefye; 3ane nan Selil ;  
8yem ane ; *Non pa gen lot ONG ki te vin la. (Yon vwa fi di fomate), (Plizye moun ap pale)*

**Pa gen yon bòs ki ka fe sa ?**

Piblik : *Wi, wi genyen*

#11. Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Men sa se pwodikte a k'[78]mande pou yo al fe'l.*

**Li al fe'l an prive?**

Piblik: *Wi wi. (lot vwa di lot bagay tou ba)*

**Pa gen Pwodikte ki konn fe gref pou tet pal?**

Piblik: *Non,*

*(Plizye moun ap pale)*

Yon patisipant di: *Se sak fe n'ap mande pou Teknosev ede nou jwenn plis fomate pou fome nou.*

### **Nou paka fome tet nou ak yon moun ki konn fe gref ?**

Piblik : *Non.*

### **Pa gen moun ki konn grefe ki ka montre nou grefe ?**

*M'vle vini sou afe mango a anko. Eee nou sonje e, kote Selil te vann plis mango. Sak fe sa ? eee Selil te vann de (2) kalite mango. Yo t vann Ekitab, e Oganik. Men ane saa, ane sa yo vann selman Oganik, Eee Konvansyonel la. Eee akoz, akoz ee moun ki soti yo vann Oganik la. Eee gen anpil nan yo ki fe koki. Bon! ee yo te, non yo pa soti. Yo pa ka vann Oganik. Men ki moun ki te soti selman, eee yo vann anpe[79] mwens mango ane sa. Eee akoz yo we pou y'al vann li nan Konvansyonel. E l'ap menm pri avek Voltije a ap achte a. Esak fe m'ka di ane sa, Voltije yo achte plis mango pase nou ane sa nan Selil yo. E lot pwoblem nou te vin gen anko, izin nan vin resevwa nou pa ore ane sa. Paske gen nan nou, mpa konn si gen, m'pa konn si se paske ane sa tout mango yo te bon ansanm nan. Sa fe eee, le pa semen nou te konn fe de vwayay[80] pa semen ane pase. Men ane sa m'pa konn si se paske se pa ore y'ap resevwa nou. Eee nan yon semen nou ka fe yon vwayay. E le nou fe yon vwayay la se 4 ti liv yo met ansanm pou nou fe vwayay la. Paske yo pa ka resevwa nou anpil akoz gen twop mango. Men m'pa konnen koman Teknosev pral fe pou nou ka jwenn plis kote pou nou bay plis mango. Em pa konn koman l'ap fe pou'y ta ede nou jwenn. Eee mache pou ekitab la anko pase se de (2) sa yo ki ede nou. Se ekitab ansanm avek Oganik. Pou'y ta ede nou jwenn plis posiblite pou'n, pou'n ka vann yo. Pase,[81] akoz nou te vann plis ane, pase kob la ki te vini an i te vin yon bon ti kob. Nou nou nou te we s'on[82] pwoje pou'n fe nan zon nan avel. Nou te pwopoze pwoje dlo pou yo repare. E nou ka di tout zon foukèt la la, tout kote moun y'ap soti y'ap chante Teknosev ou bon anpil vre. Se gras a, a ee sa'y te fe. Sa'y te fe. Akoz de ristoun nan. Enben mezanmi m'ta swete nou menm ki la, pou nou kontinye ede nou pou nou k plus avanse. E g'on[83] ti gon ti bahay[84] anko yo te konn eee fe nou. Yon ti pre yo te konn fe nou. Nou we fre a bloke. M'pa konn sii, nou we'l bloke. Nou pa konnen s'il bloke net. Oubyen si'l, si'l gen pou kontinye ave nou anko. Pase tout manb Selil yo, tout ap plenyen toujou. Eemmm mango yo. M'pa konnen koman nou ka ede'n avek sa pou nou ka jwenn plis avansman posib la toujou.*

## **Mwen remake ke tout moun pale de avantaj yo nan Selil, eske pa gen moun la ki pa nan Selil ?**

Keyè : *Wi gen moun ki pa nan Selil. (yon lot patisipan reponn mwen m'pa ladan pase m'te kanpe)*

Keyè: *Eee m'pa ladan men m'konprann li. Eee rezon'k fe m'pa ladan. Eee mwen konprann li. Eee natirelman rezon'k fe m'pa ladan, menm travay ave'l.*

*Paseu[85] mwen se moun ki komansman nan keyet mango. De tout kesyon n'[86]poze la yo, jis gen yon kesyon m'panse jiskisi nou poko janm, nou poko janm aranje nou sou li. Pa rapo a res mango ki rete nan jaden yo ki distribuye[87] nan mache yo. M'panse kesyon n'te ka poze, res mango sa yo ki rete a. Gen pafwa moun nan di nou fe plizye pase nan mango a. Wi nou konn fe plizye pase. Men wi tou, gen de pafwa ki koz mango a konn gaspiye li rete nan pye a. Se nan jan eee izin nan resevwa mango a. Si mango a rek on sel kou, eben[88] nou fon premye pase. Epi izin nan pral resevwa'l chak semen. Distans semen sa mango a gentan mi (yon gason touse) nan pye a. Le gaspiyaj la fet se mi, tout mango a gentan mi. E pandan n'ap pran'l nou pa ka pran'l mi. Kounya tout mango sa gentan rete tonbe ate. Menm machann k'ap achte yo. Eee madan sara yo, yo pa pran li paske mango sa gaspiye li tonbe. Eee apres le nou fin pase nou jwenn sak bon yo, si genyen'k poko rek machann k[89]'achte'l pou madan sara li triye sak rek yo. Li kite sa ki poko rek yo. Mentenan[90] sa'k poko rek yo, menmsi yo te bon pou vann nan izin. Nou pa ka pran yo anko. Paske yo gentan vann yo avek madan sara. Madan sara a limenm, leu[91] sa tou, toutotan mango a ap ralanti l'ap vann plu[92] che sou mache a. Li pap vann yo avek eeee Selil anko. Sa vle di kounya n'ap mande eske n'pa ka jwenn yon solisyon nan sa. Jis eeee mango ki, eee tache yo pou yo pran mango a an kantite. Pou nan semen nan yo pa dwe pran'l yon seul[93] fwa. Yo dwe pran'l pluzieu[94] fwa nan semen nan pou yo pa gaspiye. Epi tou res ki rete a tou si gen fason'k ka fet, pou'l arive vann. Pou nou konnen konpayi a ap pran mango a net. Sa vle di l'ap pran sak bon an yon fason. Epi lap vin pran sak pa bon an yon lot fason.*

## **Kisa'w konn tande yo ap di de Selil ki fe'w enterese fe pati de yon Selil ?**

Keyè : *Men kisa ki fe'm tande moun ap di. Paske leu[95] Selul[96] lan fome an m'pat disponib. Paske m'konnn soti, m'konnn Sendomeng pafwa. Eee le fomasyon'k pou fet la m'pat la. M'pat prezan. Men apre mwen se youn ki te konn keyi mango eee nan Voltije.*

*Ee Jiskisi, apre lem vin fe kontak avek Selil pou'm keyi ave yo. Men rezon ki enterese'm nan Selil la se, non selman nan pri a, ee nan pri a. Bon m'pa we nan bahay[97] ristoun nan. Paske m'pa jwenn ni. Non selman nan pri a, epitou nan kantite. Ou pa pran'l. Paske le mwenn menm m'gen mango bahay[98] sa yo m'pral vann yon Voltijel. Yo pranl 18, men menm moun nan ka pral pran'l lan tou. Ki pral pran'l nan men Voltije a e[99] 18 li pran'l tou. Mwen menm m'konn fe ee prev. Mwen fe, m'konn keyi mango pa'm nan avan. Mvin vann li nan Selil la. Epi yo pranl, jan moun Selil la vann li. Sa banm yon avantaj ki penmet[100] mwenn apiye'm plis ee nan Selil yo.*

### **Sa vle di yon moun ka pa nan Selil men li vann mango nan Selil ?**

*Keyè : Wi Pase[101] m'konn keyi. m'konn sak bon an epim vin vann yo (yon patisipan di:konvansyonel pandan keyè a ap pale)li.*

### **Sa posib paskew konn sak bon yo ? Eske sa vle di nap aksepte mango nan men nenpot moun ki pa nan Selil depil konn sak bon yo oubyen se sel keyè sa?**

*Piblik : Oui*

*(Kek lot patisipan ap di non.)*

*#11. Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; Non. Kek pafwa tou fomasyon an konn ap fet. Epui[102] genyen lot keye tou wonprann? Ki reponn pou yo keyi mango avek nou. Nou fe yo pran fomasyon (yon patisipan di fomasyon) an tou. (lot moun ap pale kouvri entevenan an) Epi a led de sa, yo kapab konn mango'k bon an pou yo ka travay avek nou.*

*(Vwa lot moun ki ap pale)*

### **Ane sa yo pat pran tout mango nou yo, eske nou te konnen yo pap pran tout?**

*Piblik: Non. Non jus[103] a la fen.*

*(Silans)*

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *M'g'on[104]* kesyon wi. *Mwen menm yon kesyon m'ap mande nou. Yon bahay m'ap mande nou. Koman, tankou mango nwa nou genyen yo. Pase tè ki nan fon yo, yo donnen anpil mango.*

### **Mango nwa ?**

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Mango fransik* (mango fransik, takte), (yo rele yo takte), (po yo, po yo ki nwa). *Se pa bon yo pa bon non, si'w goute mango, si'w ta goute mango sa yo ou pap mande pou'w manje mango anko. (yo pi bon) Yo pi dous toujou.*

Yon prezantate di : *Ou met banm kek mango takte le'm prale.*

Piblik : *Ri*

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *E'm[105]* pra'y di nou. 'Sè a di ke' *[106]* mwen menm m'ta renmen, antan ke manm Selil. *Koman nou ta tcheke yon machin pou mango sa yo. Pase mango sa yo m'ta di'w mango sa yo preske. Se preske grennen yo grennen yo. E moun k'ap, ee moun k'ap vann sou mache yo k'achte mango sa yo. E se yon mache m'tal, pandan se tan nou vini la n'ap.*

### **Yo achte yo a ba pri tankou lot ti mango yo ?**

Piblik : *Wi a ba pri, wi.*

### **Sa vle di si nou konprann byen mango nwa sa se konsa li donnen menm, se yon tip de mango li ye?**

Piblik : *Wi konsa'l donnen. Wi se yon tip mango li ye. Pa anyen'l genyen. Konsa'l donnen. Menm si'w te netwaye pye a. Menm si'w te netwaye pye a e konsa'l donen.*

De(2) fi ap di : *Li pi dous ke mango kòn. Li pi dous pase mango kòn.*

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Si nou al chache kek grenn la pou nou ta montre'w. Le yo paret. M'te sonje m'te fe mesye Isaac goute mango sa (Riii) e i te we'yy e'y[107] te pran foto tou.*

#18. Philistin Noncilia; Fanm; 53ane; Okenn; Machann, femye ; 3ane nan Selil ; Okenn ; *Avan nou ale m'ap montre nou kek mango nwa la tou. (Riii)*

#13. Belhomme Manus ; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *'Ya sa di ke'[108]*

**Isaac ta ka plis reponn kesyon sa. Men sa m'konnen se ke mache entenasyonal la toujou bezwen bagay ki bel. Se pa gou a selman ki enterese yo. Fo'k li bel tou. Li kontinye a yon blag kom ekzanp li di : Pafwa ou konn we yon fwi ki led. Men'l pi gou. Li gen plis vitamin. Men blan yo pa konsa fok bagay la bel.**

Piblik: *riiiiiiiii, Wi. Li pi gou.*

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant 2ane ; nan Selil; 6yem ane; *Epi an plis anko tou. G'on[109] afe de yon mango nou te gen. Yon mango gwo po lontan nou te renmen. Depi yo soti nan mango fransik la, yo tonbe sou mango gwo po a. (kodok), (kodok)*

**Fo'k mwen konn mango kodok la wi, m'poko konnen'l**

#18. Philistin Noncilia ; Fanm; 53ane; Okenn; Machann, femye; 3ane nan Selil ; Okenn ; *Li gwo li, (#13 di li gwo, li pwes plis), li pwes. Ou pa konn al nan izin madan Perry ?*

**Non**

#18. Philistin Noncilia; Fanm; 53ane; Okenn; Machann, femye ; 3ane nan Selil ; Okenn ; *An m'tap di*

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Se li menm, setadi.[110]*

### **Yo pa achte kodok anko ?**

Piblik: *Non yo pa achte.*

### **Men yo te konn achte'l lontan?**

Plizye moun ap pale an menm tan : *Wi. Yo te konn achte lontan. Lontan lontan.*

### **Eske yo achte mango blan ?**

Piblik: *Non.*

### **Yo pa janm achte'l menm**

Piblik: *Non. Mango blan yo pa achte'l.*

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil ; 6yem ane; *Se sa'k fe nou ta mande toujou, si nou te ka jwenn mache pou li. (Men ou konnen) Yo gaspiye anpil podjab, Yo gaspiye anpil. Si nou jwenn mache pou yo vann. Pandan nou vin la nou ka mande nou. Paske si'w fe sa pou nou l'ap pi bon toujou. Paske se nou menm ke nou genyen (patisipan pale ba) devan nou. Animatris la, menm le nou pote doleyans lan ba li. Li menm l'ap pote'l ale. Men jodi a nou we nou an fas nou. Enben an nou mete men nou nan pat la ansanm ave nou (yon patisipan touse) pou'n we si na jwenn mache pou tout sa yo w'anprann[111]?*

### **Eske nou menm nou pa konn eseye jwenn lot izin pou nou vann ?**

Piblik: *Non.*

Yon patisipan an reponn: *Nou poko fe sa.*

### **Eske nou ta swete jwenn yon lot Izin pou nou vann mango nou yo**

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil ; 6yem ane; *Bon! byen petet nou pa fin. (Plizye moun ap pale) si Teknosev odone nou, Oubyen nou kapab di sou lod izin nan.*

### **Si Teknosev kisa ?**

Plizye moun ap reponn : *Si yo pase nou lod pou'n al vann. Si yo odone nou.*

### **Sa vle di toutotan Teknosev pa ban nou lod pou nou fe sa nou pap fe li ?**

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Non nou poko ka fe sa paske se Teknosev ki vin fome nou ?*

(Plizye moun ap pale an menm tan).

Piblik : *Se yo ki fome nou. Se yo ki patwon nou.*

Yon prezante bay yon ekzanp sou sa: *Mwen ka gen yon lekol, mwen enstwi ou. Ou pa rete la ap gade sou mwen. Ou kontinye wout ou pouko'w.*

#13. Belhomme Manus; Gason 3 ;6ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Banm di'w, banm di'w, pou le moman. Teknosev ap di nou mezanmi, m'pa ka sipote nou. Na prale paske se Teknosev ki ouve je nou jodi a. Si Teknosev ouve je nou kounya la. Yo pa bezwen tandè se yon lot kote nou pral bay li. Sa pa bon.*

### **Eske atachman nou gen pou Teknosev la se li nou gen pou kay Perry ?**

(Plizye moun ap pale tou ba)

(Wi se yo menm ki ban nou)

#11. Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Dapre mwen menm, eee mwen te di madan Perry sa. Eee nou te gen yon lot Selil anba tou ki te konn pran mango a al vann nan lot izin. Men Le yo rive nan lot izin nan eee lot kliyantel yo pase sou li jiskaske mango'l la preske gate. Men tou, le'm tap pale a madan Perry. M'te di'l eee fo'l[112] degaje'l pou'l we kisa'l ka fe pou nou. Pou nou te ka bay plus mango. Pase se le mal kay Madan Perry m'we se lakay mwen m'ye. Paske le nou rive anndan nou vire nou fe sa nou vle. Li pale avek nou byen. Epi mango nou tou, depi se mango Selil la'k rive ebyen'l pran le swen. Enbyen[113] pou yo byen pase mango a nomal jan'l ta dwe ye. Se sa'k fe ke pandan se tan nou pa ory... Teknosev oryante nou nan yon lot izin. Men nou santi ke nan lot izin yo nou manke ankadremman ladan. Pase le yo rive yo mal regade[114] lot Selil ki ale yo. Men vreman pou kay madan Perry, se komsi se lakay nou direk.*



## **Se ou ki dwe konn kote ou vle ale ?**

#11.Darival Elusma ; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto ; Wi.

#14.St. Jn Raymond; Gason; 41ane; 2Timoun; Femye,Atis; 3ane nan Selil; gyem ane; *Bon menm si Teknosev ta, ta oryante nou avek yon lot izin. Bon izin madan Perry pa yon izin m'ap janm bliye (nou pap kisa ?). Nou pap bliye'l. Poukisa nou pap bliye'l ? s'on[115], s'on madanm monche. Le'w tandew paret nan izin nan, ke i te konnen'w ap vini. Te met li pa't konnen w'ap vini. Pou jan'l apresye'w fo'w ta di se pitit vant a'y ou ye. (piblik : riiii). Bon si tout ayisyen, tout ayisyen ayisyen te konsa, te kon[116] Madan Perry peyi a t'ap chanje. (Riiii, ayiti pa tap peri). (Pa ka tandew sa patisipan ap di) M'pale de byen de Madanm nan. Men mesye a li (tout moun ap ri, ap pale). (s'on lot koze) Son lot koze. Mesye a li, mesye a li san'm pa al ave'l menm (tout mou nap ri ap pale). Perry pa bon, si epat[117] Madan Perry monche. M'tap tou ret nan Potoprens.*

Piblik : Riii. Perry peri? Riiii

## **Eske se a madan Perry nou gen kontak direkteman oubyen se a izin nan ?**

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; Selman ke n'ap eee nou rele Agwonon nan. Ou onprann ? nou sot nan echel anba jiskaske nou rive anle.

## **Avan Teknosev nou pat gen opotinite sa ?**

Piblik: Non.

#11.Darival Elusma ; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; Men kounya la nou soti nan animate a. Epi nou pase nan Agwonon nan. Epi Agwonon nan tou rele anle tout bahay[118] ok.

## **Si nou rive nan izin nan gen yon pwoblem kiyes nou rele ?**

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; Se Plizye moun ap aple ansanm : Animate a. Moun ki fome nou an. Animate a. Epi se li menm ki gentan di men sa pou yo fe. Epi tou depi'l jou,

anben[119] se Agwononm Richmond ki gentan di madan Perry men nou la. Epi depi'w we'l 7è li gentan vin mande. Kot sa, kote Savann Kare ? Epi se li'k pou premye pran pa nou an pou'l ale fe papye pou nou.

#14.St. Jn Raymond ; Gason; 41ane; 2Timoun; Femye,Atis; 3ane nan Selil; 9yem ane; Banm ban nou pa'm (tout moun ri). Avanye n'a'y nan izin nan. Le'n rive nan izin nan g'on[120] paket mango anndan k'ap simen sou nou. Mango fin lave, tout mango ki pa kèse. (Res pawol la pa soti kle) Enben nou paret. Madan Perry di se mango Selil yo k'ap pase avan. Anpi'y fe mango nou pase anvan. Jounen jodi a, m'pa kwe, m'pa kwe g'on izin Teknosev ap pra'y[121] fe nou fe alyans ansanm ave'y. Ki tankou Madan Perry.

**Nou konnen ke le nou al vann mango a se pa tout yo pran, yo kite sa yo rele reje yo kounya la kisa yo fe ak reje sa yo ?**

#14.St. Jn Raymond; Gason; 41ane; 2Timoun; Femye,Atis; 3ane nan Selil; 9yem ane; Reje yo i[122] vin pran yo anko.

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; Reje yo li tou pran kes yo a 15 goud.

**A 15 goud pa kes?**

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto ; Wi pa kes.

**Konbyen mango ki gen nan kes la?**

(Plizye moun ap pale an menm tan, repons yo pa kle)

**Konbyen douzen ki gen nan kes la ?**

#11.Darival Elusma; Gason ; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; Kantite pou lot la mete sou li. (Pawol la pa soti kle) kes la konn 3 douzen. Kes la konn 3 douzen

**Eske sa pa vle di li pran yo a pri piyay ?**

(Vwa plizye moun ki ap pale an menm tan)

Yon patisipant di : *Li pa bezwen yo. Li jis pa bezwen yo. (Enben pri a se 15 goud).*

### **Ebyen eske ou ka rebran yo puiske li pa bezwen yo ?**

Patisipant pa idantifye: *Li pa vle'l. Li pa met dezod men fom di'w byen. Si se ta madan Perry ki te gen plas pou'l te pran yo. Mhhhhh-smh li t'ap pran yo a pi bon mache. Perry pa pran yo, li pran yo li bay yon ti pri piyay. Ou konn gade le'w rive sou lakou a y'ap pouri, li fe lot machin ap pran yo al jete.*

### **Al jete nan raje?**

Patisipant antesedan: *Nan raje.*

### **Si'w vle pran yo esk eli pap dako ?**

(Plizye moun pale ansanm)

Patisipant antesedan: *Li pap asepte[123].*

(Menm si nou te vle soti ave yo li pap aksepte)

(Plizye moun ap di pawol ki pa kle pandan plizye minit)

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Se vann na'y vann. Dot anplis si'l te ban nou'y, nou t'ap pran yo. Pase nou t'ap oblije bay li sou mache tou. Bay li. Al lage'y jan sara yo fe a. Bon Ii pa, Ii pa dako. Noblije asepte.*

### **Nou pa janm mande'l pemisyon pou nou rebran yo?**

#5. Casseus Ordine; Gason; 37ane ; 5 Timoun; Mason, Atis; 2ane nan Selil; 9yem ane; *Nou te mande'l. Nou te mande'y premye fwa le nou te ale. Li te fe kole. Li te mande remet musieu. Mande musieu remet tout mango a olieu[124] ke pou'l te ban nou reje yo.*

### **Kiyes ki te mande fe sa ?**

#5.Casseus Ordine; Gason; 37ane ; 5 Timoun; Mason,Atis; 2ane nan Selil; 9yem ane; *Blan Perry, li pat dako.*

Piblik : *Riiii*

### **Eske Perry se yon blan ?**

(Plizye moun ap pale, ap ri di yo pa konnen)

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Li toujou bat pou avantaj li. Parske[125] le'l vann 15 goud. Li vann li a 30 goud anndan an.*

### **Eske nou santi se twonpe l'ap twonpe nou ?**

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *W'onprann[126] li tou vann li a 30 goud anndan. W'ap tou we ti kamyonet. Epi ap vin pran yo. (yon lot moun di: vin pran yo an menm tan) Epi kounya yo di'w epi kounya (pawol la pa soti kle).*

### **Eske nou pa santi se twonpe l'ap twonpe nou ?**

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Li pase sou nou.*

### **Nou pa ka fe anyen kont sa ?**

Piblik: *Non, nou pa ka fe anyen. Nou pa ka fe anyen.*

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Olye w'al nan pase mize ou oblije kite'l ale.*

#15.Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *2013 Se sa'k fe a chak fwa nou gen yon konsyans. (pawol pa kle) M'we m'gen, gen mesye Issac k'ap asiste nou. M'santi m'dan le byen. E sesi'l se youn nan blan ki pa menm po ave nou ki pa inyore nou. De fwa ou konn jwenn jan de moun sa yo, yo menm konn ap imilye ayisyen. Em te santi'm byen le Isaac rive ke, li tande nou rele eee Agwonom nan. Non konseye a. Men nou pot ko gen Madam Islette. Le nou*

rele, mwen menm espesyal m'di Agwonom nan koman'w ka ede nou? Men tel sitiyasyon nou rive. Mango nou yo, li soti nan bel teren ki bay yon mango ki yon ti jan blanch. E sesi Perry rantrè nan kes la, l'ap pran yo kow, l'ap kase yo pou'l jete yo. Fe konnen se wowot yo ye. Epui, li te di ok ou met fon[127] ti tann mwen tann mwen. Tann mwen m'ap rele Isaac. Avan 1ed tan. M'te, m'te kontan m'te santi s'on. M'santi m'byen. M'santi m'g'on[128] dlo'k kase sou mwen. M'gade m'we Isaac ap vin sou mwen kop kop kop kop. Koman m'ka ede'w, koman m'pa konprann? Men se pou pwodwi a. Se teren an ki bay li. Isaac te tounen yon gwo defanse[129] pou nou. E li te pran mango a nomal. Epi apre, misye te vin santi'l yon jan. Li di, m'ap pran, map pran yo wi. Triye yo pou mwen. E apre, le sa m'te vin, nan 410 douzen. M'te vin, m'te jwenn 32 douzen reje senpleman. Men rezon m'te jwenn yo se paske mango a te vin fe twop tan li mi. Li pran frotman. E si Isaac te fe neglijan anve Selil la nou patap ka reyisi. E se sak fe, m'pa konnen si se Isaac tou ki te vote lwa sa ki te bay animate yo chak jou. M'kontan paske yo te ban nou yon animate ki konprann nou. Le nou di konprann sa vle di li tre pasyante[130]. Malgre ou konnen se lom de fwa li eksite. Men kan menm li santi'l byen ave nou pou nou reyisi sa'n ta dwe reyisi a. Li pase pou nou. (Plizye moun ap ri ap pale di : de fwa li fache). Ou konnen se lom, fo n'ta jwenn sa. Epi li pran chaj li nomal. Menm si lapli, menm si gran rivye ap vini kelkilanswa[131] jan sa ka ye li pran chay li. Pou'l soti Gonayiv anpil pousye. Pou'l vini hhanhen-hhanhen. Kan mem, nou di'l mesi pou sa. Li pat dwe nou sa. Men se ede l'ap ede nou. Fe nou jwenn sa pou nou. Depi nan wout nou prale, izin gentan konnen ki machin k'ap pote nou, izin gentan konnen ki kantite mango n'ap ka bay. Epi nou menm tou, pou evite gagot fet ane sa. Si se pat konsa sa te ye, tap gen anpil gagot. Pase[132] mwn, m'te gentan konn di chak vwayay[133] m'ap bay mil konbyen. Leve, eeee Soley Leve te gentan di nan vwayay sa m'ap bay 1500. Men Nan Men te gentan di map bay tan. Epoutan youn menm pat ka reyalize. De fwa se 1500 nou kat nou konbine nou ansanm nou al bay. Men se gras a pasyans animate nou ki fe nou te pote'l konsa. Si chak moun te di yo pote yon machin le nou rive se tap gagot. Eee Perry tap annik di sa nou pot la woch? (tout moun ri) jete yo. M'kritike sa anpil. Se youn nan moun. M'te santi'm fier[134] leu'w paret anfas nou la ou te di bonjou. M'te santi m'kontan pase m'swaf sa anpil. M'renmen sa. M'renmen tet ansanm em renmen akolad. M'renmen le moun salyem. M'gen 3 zan lakay Perry, Perry poko janm di : "Bonjou" oubyen "alo" menm. (Plizye moun ap pale anmenm tan) Epi li konsa. Viv le wa Madan Perry, viv le wa madan Perry : "mh hh koman nou ye ? m'kontan we nou wi. Nou komanse? Kile mango yo ap vini ?". M'son moun. Se wouj Perry wouj wi

(ri !!!). *Non men Perry wouj. M'se ayisyen se menm san m'gen a Perry. Se menm souf. Menm le a n'ap espire. Perry pa gen dwa enpozel sou mwen.*

### **Madanm Perry se ayisyèn ?**

#15. Marie Carme Fils Aime ; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Non* (yon lot patisipan di non). *Non blan bon bagay. Li salye nou. Li pale ave nou: "poukisa nou rete nan soley la konsa? se le pou nou al manje. Nou met pase deye a al manje". Perry di'w : "pa manje la, la pa pou nou". Men si'w di'm sa, m'ap anvi diw : "Perry si se pat mwen, ou pa tap gen izin ou an non. M'ap di'l sa. Se mwen ki abitan ki soti lakay mwen ak mango. M'potel ba ou pou'w edem jwenn yon entere. M'ede'w jwenn yon entere. Ou pa gendwa pou'w monte sou mwen nenpot jan. Sa pa fet". M'se ayisyen m'fyer pou'm di mwen m'se fanm ayisyen. Poum dako pou'm sevi ave'w. M'dako ou di'w se ameriken, w'ap vin jwenn ansanm ave'm. An nou kole sere paske se menm san. Nou respire menm le.*

### **Se pa ayisyen Perry ye ?**

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Non*, (plizye lot moun ap pale an menm tan, ap ri, yap di se blan Perry ye) *se mwen ki ayisyen, poutet sa li enpozel ou mwen.*

### **Tale a nou te di se Ayisyen li ye ?**

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane ; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Non* (yon patisipan di : Non blan, on blan'y ye wi) *blan wi, mwen m'di'w mwen se ayisyen*

### **Mesye Perry wi ? bon li ka gen po kle men li pa blan, li se ayisyen**

Patisipan pa idantifye : Non non non. Bon blan'y ye, blan'y ye.

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Mh-mh Jinyo Perry. (Jinyo. Jinyo. jinyo wi'l rele. Perry a se papa'l) Non sinyati yo se Perry.*

## **Papa li se yon blan ?**

Piblik: *Wi wi.*

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Blan tou le de(2) ye, tou le de blan(2), li enpozel sou nou.*

Piblik: *Plizye moun ap fe diskisyon. Papa'l te rele Perry, li menm li rele Jinyò.*

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Jinyò. Men sinyati'l vin sevi Ralph Perry Jiinyò.*

Prezantate : *Ok tout moun ki enteveni la plenyen di ke yo pa vle pwogram nan fini.*

Piblik : *Tout moun ap pale an menm tan, ohh fini non, nou pa vle'l fini*

Prezantate a kontinye : *Men an nou pa bliye ke yon pwogram gen yon dire de tan. Le program Teknosev la fini. Puiske yo te fome nou. Kisa n'ap fe pou nou toujou fe kob a mango nou yo?*

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *N'ap kontinye (Yon moun di : n'ap kontinye) paske Teknosev te montre nou fe ti bizniss. (Yon patisipan di : Wi) E'l te montre nou fe jesyon biznis n'ap kontinye sou menm rit la anko.*

Yon patisipan di : *N'ap kontinye sou menm rit la (pawol la pa soti kle).*

## **Le sa nou pap gen Mesye Isaac ni animate ki ap gide nou non.**

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Se sa'k fe le animate yo tap fome nou, avek konseye yo. Yo te pran yon ekzanp tankou Yo anndan kay la. Si pot la femen koman n'ap fe a mango a? Nou te di n'ap pete mi an. E si nou pa gen mas pou'n pete mi an? Nou te di n'ap pase nan fetay[135] kay la. Sa vle di menm le nou pa ta jwenn Isaac pou ta defann nou, Madan Perry pa ta resevwa'm. Kan menm, m'pral nan AGWOPAK. Oubyen si m'pa ta gen machin pou'm gentan rive Potoprens m'ap rete Ponsonde. E sa wi.*

## **Ok m'ta renmen poze nou 2 kesyon? Apa de plis lajan a plis valè pwoje sa vin pemet mango yo genyen ki lot gwo bagay li fe pou nou anko ?**

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Jesyon biznis.*

(Plizye moun di konesans)

#12. Gabriel Mexil; Gason; 40ane; 1Timoun; Mason; 3ane nan Selil; 8yem; *Lot gwo bagay li vin pote pou nou la se dlo. Se dlo nou we i fe nou vin gen nan zon sa la. Ki ki ki fe tout moun net ap jwenn dlo. Tout moun pa pral lot kote al pran dlo. Sa se pi gwo bagay li fe pou zon nan. Si se pat eee ristoun sa nou te jwenn, nou te ka di dlo a kounya, kounya te (mwen pa ka tande sa patisipan ap di). Men, akoz ristoun nou te vin jwenn nan pemet nou met tet ansanm nou fe dlo a avanse tout nan zon sa la. Msonje te gen yon branch dlo ki te ee gate anle a li t fe 8 an. Dlo a pat janm desann bo isi a, se yon ti pwoje nou te jwenn nou te al met men ladan ki fe nou te ranje'l fe'l rive yon degre. Enben[136] jiskensi[137], li toujou la. Enben sa'k fet la tou nou pa konn ki tan li ta ka fet bo isi a la. Si vin gen yon lot pwoje'k vini, y'ap ka pwolonje vi mwen. Nou konprann mwen? Men sa'k fet la, eee ti moun sa yo k'ap grandi a y'ap jwenn ni. Y'ap deja we s'on ONG ki te vin bay fomasyon nan zon nan ki pemet dlo sa te rive bo isi a la.*

### **Se nou menm ki fel ?**

#12. Gabriel Mexil; Gason; 40ane; 1Timoun; Mason; 3ane nan Selil; 8yem; *Wi, se gras a Teknosev.*

Piblik: *Wi. Pwogram nan.*

#14. St. Jn Raymond; Gason; 41ane; 2Timoun; Femye, Atis; 3ane nan Selil; 9yem ane; *Pi gwo konesans Teknosev ban nou. (vwa yon fi ki ap pale byen ba) Eee mang fransik mwen yo lontan, le nou konn plante yo. Te konn gen yon elvaj lib. Leu'w gendwa fin plante ti pye mango a kabrit pase'l manje'l. Oubyen tou kochon raboure'l. Men avek kounya gras a Teknosev (yon moun touse), (M'pa ka tande sa patisipan) tout bagay vin chanje. Paske Teknosev preske fe nou sekle tout jaden. (Nou fe veje). Wi veje. Pase lontan nou pat konn sa'k rele veje. Pase lontan nou te konn plante mango youn nan lot. Bon afe fil la nou pat konnen'l. Afe, afe teknik lan nou pat konn sa.*



### **Eske nou pa ka fe veje san fil ?**

*Piblik: Non ou pa kapab*

#13. Belhomme Manus; Gason; 36ane; 4Timoun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Gras a Teknoosev anko nou gen yon lekòl alfa k'ap frape la byen di. K'ap montre granmoun yo pou yo sispann fe ti kwa. Pase ti kwa fe yo pran anpil imilyasyon. Gen pafwa yo konn al resevwa ti kob labank moun sou biwo ap oblije ap fe bri sou yo. Men Jodi a gen anpil granmoun ki pap fe ti kwa anko se siyen y'ap siyen yaaa.*

### **Eske gen youn nan nou ki konn istwa mango Fransik? Ki kote li soti?**

*Piblik: Non. Nou pa konnen.*

### ***Nou leve nou jwenn li la ?***

*Piblik : Ni nou leve nou jwenn li la*

*(Long silans)*

### **Mwen we gen anpil fi la, eske nou gen yon wol spesyal nou jwe nan afe mango a ?**

*Piblik: Plizye ap pale an menm tan*

#15. Marie Carme Fils Aime ; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Tout sa gason yo fe nou fe'y tou. Fanm ayisyen e poto mitan lavi, pa gen anyen gason fe fanm pa ka fe depi'l deside. (lot moun ap pale pandan l'ap pale a), gason keyi m'keyi.*

### **Fanm monte bwa ?**

#15. Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Oh banm monte pou'w we. (plizye moun ap ri ap pale an menm tan). Depi'l gen antay ladan m'ap monte.*

*Piblik : M'ka monte tou wi pa rapo a sa. Tout moun ap pale, ap ri.*

#18.Philistin Noncilia; Fanm; 53ane; Okenn; Machann,femye ; 3ane nan Selil ; Okenn ; *Sa dam nan di a gwo koze. Mwen dimanch, dimanch lan, lan m'pray nan vwayay[138]. Kounya mesye a pat la. Gen 2 ti pye mango. Kounya male lakay m'pran sak. M'mete yon pantalon sou mwen. Le'm rive ladan (M'pa rive tande sa patisipan an ap di) mwen keyi'l. M'vann pou 30 dola (\$30HT ou 150 goud)*

(Plizye moun ap pale pandan on bann tan)

#15.Marie Carme Fils Aime; Fanm; 39ane; 5Timoun; Koutirye ; 3ane nan Selil ; 8yem ane ; *Nou keyi'l. Nou bwote[139]l. Nou lave'l. Nou seleksyone'l. Nou transfome'l. Nou fe tout net.*

#11.Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; *Mwen gen yon denye mo. Eee m'santi ke janvyè a se komsa ke Teknosev ta vle vreman gen yon ti fay. Oubyen g'on febles. Men eee nou bay yon sipozisyon la. Nou di si Teknosev pa ta la. Anbyen[140] nou menm kisa nou ta fe? Men tou m'konnen le'w pra'l les[141]on. pa ekzanp si w'ap les'on timoun. Anbyen ou gentan prepare tout aranjman kite pou li. Pa ekzanp, menm si Teknosev pa ta la. Men nou konnen tout eee structu[142] ke Selil yo te ka toujou genyen pou ka toujou fe miz an plas sa nan izin ok. Anbyen nenpot le, epi nou ka gen yon fidbak[143] nan le peryod. Epi nou gen yon kontak sere. Menmsi Teknosev pa la men se komsa li toujou la. (kout silans). Se sa mwen enm[144] m'ta swete. Ke Teknosev ta fe tout aranjman yo. Li ta dwe fe'l ki te pou nou. Enben menm si'w pa la.enben nou konnen nou toujou sou plas la.*

**Ou pa santi ke ou gentan asire sou pwèn sa ? Siw pa ta janm we Isaac ou pa tou bon ?**

Piblik: Wi. Riii

#13.Belhomme Manus; Gason; 36ane ; 4Ti moun; Chapant; 2ane nan Selil; 6yem ane; *Wi bon eee si n'ap konte sa Teknosev fe pou nou toujou. Se afe de, de gref la. Gref la te fon kanpe. Eheh eh m'ta swete li kontinye anko. Pase eh eh ane sa gen, gen (blablabla) ni nan jaden eh eh eh y'ap koupe pou yo fe gref la.*

**Men nou ka fe gref la pa vre ?**

Piblik : Ri !!! Wi nou ka fe'l, nou ka fe'l.

#11. Darival Elusma; Gason; 41ane; 2Timoun; Pwofese; 3ane nan Selil; Reto; Wi. Anplus[145] puiske[146] nou te gen yon kredi tou ak pwodukteur yo. Nou we kredi sa li kanpe. Eee nou ta mande tou, sa te yon ankourajman pou pwodukteur yo pou ede timoun yo al lekòl pa rapò a le sezon mango a fini. Men nou we li kanpe. Nou mande a Teknosev tou pou li we koman li ka ede nou vreman. Pou ka enben, pou li we koman kesyon kredi a ta ka kontinye.

**Fen**

## NOT YO

[1] Ka

[2] Patisipan begen, gen mo li repete plizye fwa

[3] Tout kote ki gen I vle di: Li

[4] paske

[5] Pra'l-Tout kote ki gen y se L' ou Li

[6] Bagay

[7] Ki ap

[9] Ale

[10] Epi

[11] Pemet

[12] Selil

[13] Ebyen

[14] Femen

[15] Femen

[16] Sel

[17] Ebyen

[18] Patisipan bege

[19] Kounya

[20] Ebyen

[21] Setadi ou sa vle di

[22] Ebyen

[23] Monche

[24] Aktyelman

[25] Se yon

[26] Ozalantou

[27] Epi

[28] Sispek

[29] Pyeje

[30] Yon jan

[31] Bagay

[32] Setadi, Sa vle di

[33] Pe a pe

[34] Evolye

[35] Monche

[36] Monche

[37] Se yon

[38] Annik, senpleman

[39] Panye

[40] Al

[41] Vle

[42] Vle

[43] Ebyen

[44] Patisipan bege

[45] Mache

[46] Sichaje

[47] Ebyen

[48] Ebyen

[49] Manb

[50] Selil

[51] Ebyen

[52] Epi

[53] Gen yon

[54] Plis

[55] Pwodikte

[56] Selil

[57] Anbarase

[58] Te ale

[59] Kounya

[60] Paske

[61] Gen yon

[62] Pwodikte

[63] Pemet

[64] ®Bagay

[65] Epi

[66] Bon

[67] Mwen

[68] Pwodikte

[69] Se yon

[70] Plis

[71] Valè

[72] Se yon

[73] Mache

[74] Un peu pa egziste nan sans sa an kreyol

[75] Mwen gen yon

[76] Plis

[77] Bagay

[78] Ki

[79] Enpe

[80] Vwayaj

[81] Paske

[82] Se yon

[83] Gen yon

[84] Bagay

[85] Paske

[86] Nou

[87] Distribiye

[88] Ebyen

[89] Ki

[90] Kounya

[91] Le

[92] Pi

[93] Sel

[94] Plizye

[95] Le

[96] Selil

[97] Bagay

[98] Bagay

[99] Se

[100] Pemet

[101] Paske

[102] Epi

[103] Jis

[104] M'gen yon

[105] E mwen

[106] Sètadike, Sa vle di ke

[107] E li

[108] Yeah Sa vle di ke

[109] Gen yon

[110] Sa vle di

[111] Ou konprann

[112] Fo'k li

[113] Ebyen

[114] Gade



[115] Se yon

[116] Tankou

[117] Se pat

[118] Bagay

[119] Ebyen

[120] Gen yon

[121] Pral

[122] Li

[123] Aksepte

[124] Olye

[125] Paske

[126] Ou konprann

[127] Fe yon

[128] M'gen yon

[129] Defansè

[130] Pasyan

[131] Nenpot jan

[132] Paske

[133] Vwayaj

[134] Fye

[135] Plafon

[136] Ebyen

[137] Jis kounya

[138] Vwayaj

[139] Pote

[140] Ebyen

[141] Lese yon, kite yon

[142] Strikti

[143] Mo angle itilize an kreyol

[144] Menm

[145] Anplis

[146] Piske